

# TEORI NULIS

Ku

Dr. Hj. Nunuy Nurjanah, M.Pd.

JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH  
FAKULTAS PENDIDIKAN BAHASA DAN SENI  
UNIVERSITAS PENDIDIKAN INDONESIA

## DAFTAR EUSI

### BAB I. BUBUKA

- 1.1 Harti Nulis .....
- 1.2 Nulis Mangrupa Hiji Kaparigelan Ngagunakeun Basa .....
- 1.3 Nulis Hiji Cara Ngayakeun Komunikasi.....
- 1.4 Nulis jeung Ngarang.....
- 1.5 Fungsi Nulis .....
- 1.6 Gunana Nulis.....
- 1.7 Rupa-rupa Tulisan.....

### BAB II. KAGIATAN NULIS DI PAGURON LUHUR

- 2.1 Unsur Nulis
- 2.2 Nulis jadi Karesep
- 2.3 Nulis jadi Pakasaban
- 2.4 Asas-asas Nulis Efektif: Jelas, Ringkes, tur Merenah

### BAB III. Langkah-langkah Nulis

- 3.1 Ngantebkeun Ide.....
  - 3.1.1 Milih Topik Karangan .....
  - 3.1.2 Milih Tema Karangan .....
  - 3.1.3 Nangtukeun Tujuan .....
  - 3.1.4 Nangtukeun Wangun Karangan.....
  - 3.1.5 Nangtukeun Pamarekan kana tema Karangan.....
  - 3.1.6 Nyieun Raraga Karangan.....
  - 3.1.7 Nyieun Judul Karangan.....
- 3.2 Ngutarakeun Ide.....
  - 3.2.1 Nyieun Kalimah Efektif.....
  - 3.2.2 Nyusun Paragraf.....
  - 3.2.3 Ngalarapkeun Ejaman.....

### LAMPIRAN-LAMPIRAN

- 1 Conto Raraga Hiji Karangan.....
- 2 Conto Hiji Karangan.....

## BAB I B U B U K A

### 1.1 Harti Nulis

Kecap 'nulis' asalna tina kecap 'tulis' make rarang-ken hareup N- (nasal) anu ngandung harti 'ngalakukeun' . Tina ieu harti ebreh yen nulis teh mangrupa hiji kagiatan.

Naon ari nulis teh?

Nurutkeun LBSS (1985:540), nulis ten nya eta nyieun aksara atawa angka dina kertas, jste ku parantina. Nulis nya eta nurunkeun lambang-lambang grafik anu ngagambarkeun basa hiji jalma, nepi ka jalma lian bisa nyamgkem eta basa tina gambaran grafik tadi (Tarigan, 1982). Satuluyna, Tarigan ngebrehkeun yen gambar oge mungkin bisa mere ma'na, tapi teu nuduhkeun gemblengan basa. Ari nulis man mangrupa wawakil tina gemblengan basa. Hal ieu pisan anu ngabedakeun antara gambar jeung tulisan, antara ngagambar jeung nulis. Tina wangenan di luhur bisa dicindekkeun yen nulis bisa dihartikeun nurunkeun lambang-lambang grafik anu ngagambarkeun gemblengan basa hiji jalma.

### 1.2. Nulis Mangrupa Hiji Kaparigelan Ngagunakeun Basa

Kaparigelan ngagunakeun basa ngawengku opat komponen nya eta

- a. kaparigelan ngaregepkeun (*listening skills*) ;
- b. kaparigelan nyarita (*speaking skills*);
- c. kaparigelan maca (*reading skills*); jeung
- d. kaparigelan nulis (*writing skills*).

Kaparigelan-kaparigelan di luhur ten raket patalina ti mimiti ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis. Opat kaparigelan ieu enas-enasna mangrupa hiji beungkeutan anu gembleng, mangrupa komponen tina kaparigelan ngagunakeun basa.

Tina perelean di luhur ebreh yen nulis mangrupa salah sahiji komponen tina kaparigelan ngagunakeun basa. Atawa nulis teh mangrupa hiji kaparigelan ngagunakeun basa.

### 1.3 Nulis Hiji Cara Ngayakeun Komunikasi

Unggal manusa ngabogaan ide/gagasan jeung kahayang anu kudu diwujudkeun sacara nyata. Cara ngawujudkeunana tangtu kudu merenah ngarah kaharti ku balarea/jalma lian. Gagasan bisa kaharti atawa kanyahoan ku balarea lamun make hiji pakakas nya eta basa. Basa anu puguh entep seureuh jeung alurna tur eces pamaksudanana ilaharna aya dina karya tulis.

Tina katerangan di luhur bisa dicindekkeun yen nulis mangrupa hiji cara pikeun ngayakeun komunikasi.

### 1.4 Nulis jeung Ngarang

Istilah nulis sok disaruakeun jeung istilah ngarang. Tulis, nulis, lemesna nyerat, nyieun aksara atawa angka dina kertas jste. ku parantina ; tulisan, aksara jste. anu ditulis (LBSS, 1985:540). Karang, ngarang, nyieun atawa nyusun carita; karangan, hasil ngarang; pangarang, tukang ngarang. (LBSS, 1985: 214).

Malah kana ngarang mah loba keneh para ahli anu mere wangenan. Ngarah tetela, urang tulis bae. Ngarang teh nya eta ngawujudkeun cipta ku jalan ngareka kaendahan (M.A. Salmun, 1963-15). Ngarang mangrupa susunan basa anu mangrupa ebrehan pikiran, rasa, pamadegan, hayalan, kahayang, keyakinan, jeung pangalaman (Yus Rusyana, 1982:1). Ngarang nya eta ngebrehkeun hiji hal kalawan jujur, teu dibarengan ku rasa emosional anu kaleuleuwiwihi, jeung henteu ngagunakeun kecap anu henteu perlu (Cipta Loka Caraka, 1978:8). Ngarang nya eta nyusun ide, gagasan, atawa data informasi

anu ditulis sistematis, nepi ka eusi karangan bisa kacangkem ku nu maca (P. Suparman Natawidjaja nu dicutat ku Agustiani, 1983:11). Ngarang nya eta hiji proses kegiatan pikiran manusa anu hayang ngebrehkeun eusi hatena ka jalma sejen atawa pikeun dirina sorangan dina tulisan (A. Widya-martaya, 1987:9). Ari unurna ngawengku opat hal: gagasan, tuturan, tatanan, jeung wahana (Gie, 2002: 4-5).

Tina pedaran di luhur ebreh yen ngarang teh mangrupa kagiatan nulis keneh. Ku kituna, dina ieu pedaran istilah nulis rek disaruakeun bae jeung istilah ngarang.

### 1.5 Fungsi Nulis

Fungsi utama nulis nya eta mangrupa pakakas komunikasi anu henteu langsung. Nulis kacida pentingna pikeun dunya atikan sabab nulis bisa ngagampangkeun murid-murid dina proses mikir. Tulisan bisa mantuan mikir kritis, bisa ngagampangkeun matalikeun hubungan-hubungan, bisa nimbulkeun ayana daya persepsi nu jero, bisa ngungkulan pasualan-pasualan anu keur disanghareupan, sarta bisa nyusun runtuyan pangalaman. Tulisan bisa ngajentrekeun pamikiran-pamikiran anu aya dina diri nu nulis. Cindekna, bisa disebutkeun yen diajar nulis teh taya lian nya eta diajar mikir ngagunakeun cara anu tangtu (Tarigan, 1982:28).

Satuluyna, Tarigan ngebrehkeun yen nu nulis disebut onjoy lamun bisa ngamangfaatkeun kaayaan kalawan merenah. Kaayaan anu kudu diperhatikeun jeung dimangfaatkeun teh nya eta:

- a) maksud jeung tujuan nu nulis;
- b) nu maca atawa pamiarsa; jeung
- c) waktu.

#### a. Maksud jeung Tujuan nu Nulis

Tulisan teh bisa mangrupa ebrehan pribadi nu nulis, sabab dina tulisan ngandung nada anu luyu jeung maksud katut tujuan anu nulis. Maksud atawa

tujuan nu nulis (*the writer's intention*) ngandung harti responsi atawa jawaban anu dipiharep ku nu nulis ti nu maca/pamiarsa.

Naon anu jadi tujuan nu nulis teh? Hugo Hartig anu dicutat ku Tarigan (1982:30) ngebrehkeun genep tujuan nu nulis.

a) *assignment purpose* (tujuan migawe papancen)

Nu nulis nulisna teh lain didadasaran ku dorongan/ kahayang dirina sorangan tapi aya nu nitah. Jadi, sabe»-nerna mah euweuh tujuan anu baris dihontal iwal migawe papancen. Contona, murid-murid anu dibere papancen ku guruna pikeun ngaragum eusi buku; sekertaris anu dititah nyieun laporan, notulen rapat; jste.

b) *altruistic purpose* (tujuan altruistik)

Nu nulis boga tujuan sangkan tulisanana bisa nimbulkeun kasenangan ka nu maca/pamiarsa. Tulisanana di-sebut wacana kasusastraan (*literary discourse*).

c) *persuasive purpose* (tujuan persuasif)

Tulisan anu tujuanana ngayakinkeun ka nu maca ngeunaan benerna hiji gagasan atawa pamadegan anu diebrehkeun. Tulisanana disebut wacana persuasif (*persuasive discourse*).

d) *informational purpose* (tujuan informasional)

Tulisan anu tujuanana mere informasi/wawaran ka nu maca. Tulisanana disebut wacana informatif (*informatif discourse*).

e) *self-expressive purpose* (tujuan ngawanohkeun diri)

Tulisan anu tujuanana pikeun ngawanohkeun diri nu nulis ka nu maca, tulisanana disebut wacana ekspresi (*expresive discourse*).

f) *creative purpose* (tujuan kreatif)

Tujuan kreatif aya patalina jeung tujuan ngawanohkeun diri, tapi kahayang kreatifna leuwih onjoy. Dina tujuan kreatif mah nu nulis boga kahayang sangkan tulisanana bener-bener bisa ngahontal ajen-ajen artistik, ajen-ajen kasenian.

g) *problem-solving purpose* (tujuan ngungkulan masalah)

Tulisan anu tujuanana pikeun ngungkulan masalah anu keur disanghareupan. Ku sabab kitu, dina ieu tulisan, nu nulis taliti pisan ngebrehkeun pamikiranana sangkan bisa kaharti tur katarima ku nu macana.

#### b. Nu Maca/Pamiarsa

Lian ti milih jejer carita nu merenah, nu nulis kudu merhatikeun saha anu maca tulisanana deuih. Pituduh pikeun wanoh ka nu maca/pamiarsa, di antarana bisa ku cara ngajawab ieu patalekan.

- a) sabaraha taun umur nu maca?
- b) Naha awewe atawa lalaki?
- c) Di mana patempatanana?
- d) Kumaha kasang tukang atikanana?
- e) Kumaha kasang tukang sosial budayana?
- f) Kumaha kayakinanana kana widang politik?
- g) Kumaha agama katut falsafah hirupna?
- h) Kana naon pakasabanana?
- i) Naon karesepna?

Ku ayana jawaban anu hade kana patalekan-patalekan di luhur, ngandung harti yen nu nulis geus bisa meunang gambaran anu leuwih jero ngeunaan diri nu maca/pamiarsa.

#### c. Latar

Lian ti maksud, tujuan nu nulis, jeung pamaca/pamiarsa, aya deui anu kudu diperhatikeun jeung dimangfaatkeun dina nulis nya eta soal waktu, Kaayaan, waktu, jeung tempat lumangsungna kajadian oge kudu dititinan ku nu nulis.

#### 1.6 Gunana Nulis

Loba kauntungan anu bisa dicokot tina kagiatan nulis saperti anu diebrehkeun ku Sabarti Akhadiah (1991:1) nya eta:

- a) Ku kagiatan nulis, nu nulis bisa nyaho tur engeuh kana kamampuh atawa potensi nulisna sorangan. Nu nulis bakal nyaho nepi ka mana wates kamampuh

dirina ngeunaan hiji topik. Kapan pikeun mekarkeun hiji topik teh, nu nulis kapaksa kudu mikir, ngaguar pangaweruh jeung pangalamanana.

b) Nu nulis bisa mekarkeun ide-ide atawa gagasan-gagasanana, Nu nulis kalatih dina matalikeun sarta ngabanding-banding fakta anu jadi bahan tulisanana.

c) Ku kagiatan nulis, nu nulis leuwih loba neangan informasi/luang anu aya patalina jeung topik anu ditulisna. Ku ayana kitu, kagiatan nulis bisa ngajembaran pangaweruh nu nulis.

c) Ku kagiatan nulis, nu nulis bisa ngajentrekeun masalah-masalah anu can jentre.

d) Nu nulis bisa ngajen kana ide/gagasan kalawan leuwih obyektif.

e) Nu nulis bakal leuwih gampang ngungkulan masalahna nya eta ku cara nganalisis eta masalah anu nembrak tea,

f) Ku ayana pancen nulis ngeunaan hiji topik, nu nulis bakal kadorong pikeun diajar leuwih aktif tur kreatif, Nu nulis dipiharep bisa nimukeun tur ngungkulan masalah lain ngan narima informasi wungkul.

g) Ku ayana kagiatan nulis, bakal nimbulkeun kebiasaan pikeun diri anu nulis nya eta kalatih mikir kritis tur ngagunakeuni basa anu sistematis.

## 1.7 Rupa-rupa Tulisan

Loba pamadegan anu ngebrehkeun klasifikasi ngeunaan tulisan. Nurutkeun Salisbury anu dicutat ku Tarigan (1982: 33), tulisan disawang tina wangunna, aya dua.

A. Wangun-wangun obyektif, seperti pedaran hiji proses, laporan, dokumen, jste.

B. Wangun-wangun subyektif saperti otobiografi, surat-surat, esey informal, jste,

Nurutkeun Chenfeld, tulisan bisa dibagi jadi dua bagian.

A. Tulisan kreatif; leuwih ngabeuratkeun kana ekspresi diri pribadi.

B. Tulisan ekspositori, anu ngawengku:

a) nulis surat;

b) nulis laporan;



- c) nulis resensi buku; jeung
- d) rancangan panalungtikan.

Nurutkeun Brooks jeung Waren mah tulisan teh dibagi jadi:

A. Eksposisi, anu ngawengku:

- a) komparasi jeung kontras;
- b) ilustrasi;
- c) definisi;
- d) analisis.

B. Persuasi;

C. Argumen;

D. Deskripsi.

Beda jeung klasifikasi di luhur, Adelstein jeung Piral mah ngabagi-bagi tulisan teh dumasar nada (*voice*) na.

- A. Tulisan nada akrab/intim (*the intimate voice*)
- B. Tulisan nads informatif (*the iuformatif voice*)
- C. Tulisan nada ngajentrekeun (*the explanatory voice*)
- D. Tulisan nada argumentatif (*the argumentative voice*)
- E. Tulisan nada kritik (*the critical voice*)
- F. Tulisan nada otoritatif (*the authoritative voice*).

Disawang tina sifatna, tulisan teh dibagi jadi:

- A. Tulisan fiksi; jeung
- B. Tulisan nonfiksi.

## **BAB II**

### **KAGIATAN NULIS**

#### 2.1 Nulis Jadi Karesep (Hobi)

Gie (2002:9) nyebutkeun yen sakumna jalma pikeun ngadatangkeun sumanget hirup perlu ayana karesep (hobi), sedengkeun pikeun kalumangsungan hirupna merlukeun pakasaban (profesi). Karesep anu dipiara tur diamalkeun sapopoe nimbulkeun hirup pinuh ku energi; profesi anu dilakukeun kalawan iklas ngadatangkeun hirup miboga harti.

Nulis teh mangrupa runtuyan kagiatan hiji jalma pikeun ngebrehkeun pikiranana ku basa tinulis sangkan dipikaharti ku jalma lian. Pikiranana teh bisa mangrupa pangalaman, pamadegan, pangaweruh, kahayang, rasaan, nepi ka gumuruhna hate anu kebek ku ide hiji jalma. Tah eta buah pikiran teh diwujudkeun dina tulisan atawa karangan, boh fiksi boh faktawi; boh prosa boh puisi.

Cleanth Brooks jeung Robert Warren (Gie, 2002:9) ngebrehkeun yen dorongan batin hiji jalma pikeun nulis kabagi dua: (1) ebrehan (*expression*) jeung (2) tata hubungan (*communication*).

#### 1) Ebrehan (*expression*)

Hiji jalma hayang ngebrehkeun dirina lir ibarat manena ngadak-ngadak hayang hahariringan pikeun ngebrehkeun kagumbiranana anu minuhan hatena. Ku kagiatan nulis, manehna ngarasa leuwih nengtremkeun hatena anu keur kebek ku rasa/emosi.

#### 2) Hubungan (*communication*)

Hiji jalma kadorong hayang nulis ku sabab butuh ayana kontak jeung jalma sejen. Manehna hayang nulis surat ka indungna, atawa hayang nulis surat

pembaca dina surat kabar, jsté. Dina kanyatanana, boh motivasi pikeun ngaekspresikeun diri boh pikeun hubungan jeung jalma sejen sok pacampur.

Nu penting mah nulis sing jadi pangaresep; bisa ngeusian waktu kosong supaya leuwih produktif. Nu nulis bisa terus ngaktipkeun dirina ku nulis kreatif; ngajadikeun pikiranana leuwih cerdas tur kreatif; ngadorong pribadi terus maju; ningkatkeun ajen hirup supaya leuwih miboga mangfaat tur harti anu mandiri.

## 2.2 Nulis Jadi Pakasaban (Profesi)

Dina kahirupan kiwari anu sarwa modern, pangarang bisa disajjarkeun jeung kahirupan profesi, saperti dokter, insinyur, ahli hukum, jsté. Naskah-naskah anu hade kacida diperlukeun malah bisa ditawarkeun saperti barang dagangan ka penerbit anu butuheun.

Profesi pangarang bisa jadi pangupa jiwa anu bisa ngajamin kaperluan hirupna. Tapi umumna mah profesi nulis masih dianggap semi profesi anu meakkeun tanaga, perhatian, jeung waktuna di sasagireun pagawean pokona anu tangtu geus dianggap jadi sumber pangupa jiwa anu geus maneuh.

Beda jeung pagawean sejenna, kagiatan nulis mah pribadi pisan. Gayana ge pribadi pisan. Kagiatan nulis henteu gumantung ka pimpinan; henteu aya komando ti pingpinan. Pangarang henteu kudu ngantor ka kantor anu maneuh, tapi bisa di mana bae. Lian ti eta, pangarang mah henteu gumantung ka alat-alat anu kompleks; manehna ngan merlukeun keretas jeung alat tulis wungkul.

Tina ebrehan tadi bisa dicindekkeun yen kagiatan nulis téh miboga dua ciri: (1) manusiawi jeung (2) sipatna pribadi pisan. Jadi, nulis dina mangsa kiwari bisa mangrupa hobi atawa profesi.

## 2.3 Nulis Jadi Ibadah

Kagiatan nulis, boh saukur hobi boh jadi profesi pikeun muslim mah teu meunang lesot tina niat ibadah. Tina kituna, niat kudu lempen naon wae anu dilakukeun niatna ibadah karana Allah SWT. Rek nulis niatna ibadah. Lain ngan saukur karana duit.

Pangarang kudu yakin yen pahala anu panggedena nya eta pahala ti Allah tibatan naon bae anu dirasakeun di ieu dunya. Pahala anu gede nya eta jariah tulisan urang. Lamun nulis, tuluy eta tulisan mangfaat; dibaca ku balarea ti generasi kagenerasi, tinangtu pahalana bakal ngocor. Saperti Imam Bukhari, Imam Muslim, Ibnu Katsir, jeung sajabana anu kitab-kitabna teh terus dibaraca ku sing saha anu hayang neuleuman ilmu. Sok sanaos Anjeunna tos ngantunkeun alam dunya, tapi tangtos pahalana ngocor ka mantenna.

Jadi, ku nulis mudah-mudahan jadi investasi pikeun bekel engke di aherat. Sabab, taya deui anu nulungan jalma teh lian ti amalanana. Mugia tulisan anu mangfaat kalawan niat karana Allah jadi jalan nuju surga Allah. Aamiin.

### 2.3 Asas-asas Nulis Efektif: Jelas, Ringkes, tur Merenah

Asas nya eta hiji dalil umum pikeun jadi padoman dina migawe hiji hal. Aya tilu asas nulis efektif: (1) jelas (*clarity*), (2) ringkes (*conciseness*), jeung (3) merenah (*correctness*).

#### 1) Jelas

Asas anu pangheulana jeun pangutamana nya eta jelas. Tulisan naon bae kudu jelas, nepi ka eta tulisan teh bener-bener bisa dibaca tur matak kaharti pikeun nu macana. Jelas hartina henteu samar; henteu matak salah tafsir nu macana.

#### 2) Ringkes

Ringkes henteu sarua jeung pondok; tapi eta karangan disebut ringkes lamun dina eta karangan euweuh kekecapan, kalimah, atawa babasan anu kaleuleuwihi. Cindekna, karangan disebut henteu ringkes lamun kekecapan, kalimah, atawa babasaanana loba anu kaleuleuwihi nepi ka makena teh hambur; pedaranana bulak-balik.

#### 3) Merenah

Asas merenah ngandung harti yen eta tulisan teh kudu bener-bener nepikeun pamikiran anu cocog antara pangarang jeung pamaca. Lamun maksud pangarang A, mangka pamaca oge kudu nyangkem maksud panulis teh A; lain B atawa C. Tina kituna, pikeun ieu asas mangka pangarang kudu

merhatikeun sawatara aturan, boh tata basa, tanda baca, boh palanggaran  
ejahan, jsté.

Lian ti asas nu tadi, aya deui asas-asas lianna anu kudu diperhatikeun  
saperti:

- 4) asas "kesatupaduan" (*unity*),
- 5) asas "pertautan" dalitna eusi (*coherence*),
- 6) asas "penegasan" (*emphasis*) (Gie, 2002:36-37),
- 7) asas nulis sacara spontan (*writing spontaneously*),
- 8) asas nulis sacara jujur (*witing honestly*), jeung
- 9) asas nulis sing teleb (*writing deeply*) (Gie, 2002: 175-176).

## **BAB III**

### **LENGKAH-LENGKAH NULIS**

Saperti anu geus diebrehkeun dina bab I yen nulis/ngarang teh mangrupa hiji proses kagiatan pikiran manusa anu hayang ngebrehkeun eusi hatena dina tulisan, boh pikeun dirina sorangan, boh pikeun jalma lian. Kagiatan nulis/ngarang mangrupa kagiatan manusiawi anu dilaksanakeun kalawan sadar tur boga tujuan nu tangtu.

Dina nulis/ngarang aya hal-hal anu kudu diperhatikeun sangkan nu nulis bisa ngahontal tujuan nulisna kalawan hade. Aya dua langkah anu kudu diperhatikeun dina nulis/ngarang.

A. Langkah ngantebkeun ide, anu ngawengku:

- 1) milih topik;
- 2) nangtukeun tema;
- 3) nangtukeun tujuan sarta wangun karangan;
- 4) nangtukeun pamarekan kana tema karangan;
- 5) nyieun raraga karangan; jeung
- 6) nangtukeun judul karangan.

B. Langkah ngebrehkeun ide karangan, anu ngawengku:

- 7) parigel ngamimitian ngarang;
- 8) parigel ngawangun paragraf jeung matalikeun antar paragraf; jeung
- 9) parigel mungkas karangan.

#### 3.1 Parabot Ngantebkeun Ide

##### 3.1.1 Topik

Langkah munggaran anu kudu dipigawe lamun urang rek nulls nya eta nangtukeun topik. Naon ari topik teh? Kumaha cara milih topik? Kumaha cara ngawatesanan topik? Ngarah leuwih jentre, ayeuna urang pedar bae dumasar patalekan-patalekan eta.

#### 3.1.1.1 Harti Topik

Lamun rek nulis tangtu urang tumanya, "Naon anu hayang ditulis ku kuring?" Upamana, "Kuring rek nulis perkara 'Basa Sunda. Ieu jawaban teh disebutna topik.

Topik asalna tina basa Yunani 'topoi' hartina 'tempat'. Aristoteles nandeskeun yen pikeun ngabuktikeun hiji perkara teh kudu ditangtukeun atawa diwatesanan heu-a 'topoi' tempat lumangsungna hiji kajadian.

Nurutkeun Balai Bahasa, topik teh ngandung harti jejer dina diskusi, ceramah, karangan, jst. atawa hal anu keur mikat hate tur jadi puseur paniten masarakat kiwari (1990:958). Ku kituna, bisa dicindekkeun yen topik dina nulis mah hartina jejer karangan. Dina wacana topik mangrupa proposisi anu ngawujud frase atawa klausa tur biasana ngandung inti topik.

#### 3.1.1.2 Milih Topik

Milih topik teh sok karasa hese pikeun nu karek diajar nulis mah sabab kudu nangtukeun hiji tina sababaraha hal anu bisa dicaritakeun. Dina milih hiji topik aya kamungkinan urang asa-asa atawa ngarasa rayungan nepi ka urang henteu bisa nangtukeun pilihan. Ku kituna, lamun urang geus nangtukeun hiji topik, hadena urang ulah ganti deui topik. Urang kudu bisa nyekel hiji kaputusan kalawan panceg.

Topik atawa jejer karangan anu hade kudu dipilih dumasar kana sababaraha pasaratan kayaning:

- (a) geus dipikanyaho ku panyatur najan ngan saeutik;
- (b) mikat hate panyatur/nu nulis; jeung
- (c) mikat hate pamiarsa/nu maca.

Topik bakal dipikaresep atawa bakal ngahudang minat pamiarsa upama

- (i) tumali jeung pasualan pamiarsa;
- (ii) mere pituduh dina ngungkulan pasualan anu disanghareupan pamiarsa;
- (iii) pasualanana aktual;

- (iv) pasualanana ngandung konflik pamadegan;
- (v) pedaran pasualan henteu ngaliwatan wates daya cangkem pamiarsa; jeung
- (vi) pasualan anu dipidangkeun bisa direngsekeun dina waktu anu geus disadiakeun.

### 3.1.1.3 Cara Ngawatesanan Topik

Tampolana topik teh sok karasa pohara umumna. Ku kituna, topik kudu diwatesanan nepi ka spesifik. Cara ngawatesanan topik nurutkeun Gorys Keraf (1984:113), nya eta kahiji, tangtukeun hiji topik puseur; kadua, jieun patalekan, "naha topik puseur bisa keneh diwincik deui? Lamun jawabanana bisa, jieun wincikan topik tina topik puseur tadi. Katilu: tangtukeun tina topik tadi, mana anu rek dipilih sarta baris dipedar satuluyna. Lamun eta topik masih lega, terus wincik deui, nepi ka kapanggih hiji topik anu leuwih spesifik.

Lega heureutna hiji topik, gumantung ka nu nulisna. Topik anu lega teuing atawa umum bisa nimbulkeun tulisan kurang jentre. Tungtungna, nu nulis henteu bisa nangtukeun awal jeung ahir tulisanana. Tina kituna, nu nulis dipiharep bisa ngawatesanan dirina kana hiji topik anu leuwih husus. Leuwih nyangkem kana soal nu bubuk leutik, ngandung harti nu nulis bisa medar topik kalawan gemet tur taliti. Sabab, ku ayana watesan anu leuwih husus, nu nulis bakal leuwih museurkeun pikiranana kana topik tadi.

### 3.1.2 Tema

#### 3.1.2.1 Harti Tema

Aya pamadegan yen tema leuwih lega batan topik, tapi lamun ningali contona mah anggapan iem teh patukang tonggong. Saperti anu geus diebrehkeun tadi, topik mangrupa jawaban tina patalekan, "Naon anu hayang ditulis ku ku-ring?" Sedengkeun ari tema. mah mangrupa jawaban tina patalekan, "Naon anu hayang ditulis ku kuring ngennaan topik tadi?" Upamana, topikna ngeunaan "Basa Sunda". Naon anu gek dipedar ku kuring ngeunaan "Basa Sunda" teh? Jawabanana, upamana ngeunaan "Peranan basa Sunda dina komunikasi pangwangunan". Jawaban ieu teh ngaranna tema, anu sabenerna



mangrupa rumusan atawa wincikan tina topik tadi. Jadi, tetela yen tema teh leuwih heureut batan topik, Malah aya pamadegan yen tema leuwih heureut tur abstrak batan topik. Conto sejenna upamana, kuring rek nulls ngeunaan "Wayang kulit"; hal ieu mangrupa topik. Satuluyna, kuring rek medar perkara wayang kulit teh tina soal "Sajarah jeung peranan wayang kulit di masarakat". Jadi, "Sajarah jeung peranan wayang kulit di masarakat" mangrupa tema tina topik tadi.

Sacara etimologi, tema asalna tina basa Yunani 'tithenai' anu ngandung harti 'nempatkeun' atawa 'merenahkeun'. Tema bisa oge dihartikeun 'hiji hal anu geus dipeda'<sup>1</sup> atawa 'hiji hal anu geus ditempatkeun atawa diperenahkeun'. Nurutkeun Keraf (1984:107), tema teh nya eta amanat utama anu dipidangkeun ku nu nulis dina karanganana.

Dina kahirupan sapopoe, kecap tema teh sok dipacorokkeun mak5na jeung kecap topik. Memang sakapeung mah tema jeung topik teh padedempet sabab hubungan antara topik jeung tema raket pisan patalina. Dina karangan lamun aya topik tangtu aya temana. Saperti dina kalimah, aya jejer aya caritaanana.

### 3.1.2 .2 Cara Ngawatesanan Tema

Saperti anu geus diebrehkeun yen tema mangrupa topik anu diwatesanan. Lamun nyanghareupan topik anu masih lega tur umum, urang kudu neangan jeung nangtukeun heula temana. Aya sawatara cara ngawatesanan tema, Ngarah gampang, urang singget jadi PUSAT-B anu huruf asalna nyoko kana:

P (eranan); naon peranan (fungsi, harti) tina topik tadi?

U (ntung rugina); kumaha untung rugina (hade gorengna, resep henteuna, sugema henteuna)?

S (ajarah); ti mana asal-usulna, kasang tukangna, sabab-musababna?

A (yana); kumaha kaayaanana (data, fakta, cara gawena)?

T (ipe); kumaha tipe-tipena (warna, wanda, atawa wangunna)?

B (ener henteuna) ; naha bener henteu, luyu henteu jeung kanyataan?

Di handap baris diebrehkeun sawatara conto nangtukeun tema.

- 1) **Topik:** Kasabaran  
**Tema:** Kuring rek medar yen kasabaran teh mangrupa hal anu utama tapi dina hiji waktu bisa ngarugikeun (Tipe U).
- 2) **Topik:** Seuneu  
**Tema:** Kuring rek ngebrehkeun ngeunaan harti jeung peranan seuneu dina kahirupan manusa (Tipe P), jeung untung rugina seuneu (Tipe U).
- 3) **Topik:** Kadaharan  
**Tema:** Kuring rek medar kasangtukang perluna dahar pikeun manusa, ti mimiti Jaman Purba nepi ka jaman Ultra modern anu cukup ku ngadahar tablet wungkul (Tipe S).
- 4) **Topik:** Awewe jeung lalaki boga peranan anu sarua  
**Tema:** Kuring rek ngebrehkeun bener henteuna eta pamardegan (Tipe B).

### 3.1.3 Tujuan

Nangtukeun tujuan mangrupa langkah katilu dina ngantebkeun ide. Tujuan nulis mangrupa jawaban tina patalekan, "Naon anu rek dihontal ku tulisan kuring?"

Tujuan ngarang kudu bener-bener dipikirkeun supaya karangan aya hasilna luyu jeung udagan anu geus ditangtukeun ti heula. Karangan kudu efektif, merenah, keuna kana sasaran ngarah sugema, boh pikeun nu maca boh pikeun pangarangna sorangan.

Nurutkeun Widyamartaya, tujuan ngarang teh aya tilu.

#### 1) Mere informasi

Karangan dijieun kalawan tujuan mere pamikiran pikeun nambahan pangaweyuh, medar pasualan, jeb.

#### 2) Ngagerakkeun hate atawa ngahudang rasa

Karangan disusun anu tujuanana pikeun ngahudang rasa, mangaruhan, jsb.

#### 3) Campuran antara mere informasi jeung ngahudang rasa

Karangan disusun kalawan tujuanana lian ti mere nyaho teh sakaligus pikeun ngahudang rasa tur mangaruhan nu maca deuih.

#### 3.1.4 Wangun

Wangun karangan raket patalina jeung tujuan karangan. Dijieunna wangun karangan teh kudu luyu jeung tujuan. Lamun tujuanana mere nyaho atawa nambahan informasi, wangun karanganana bisa mangrupa esey, wawaran, risalah, laporan, jsté. Lamun tujuanana pikeun ngahudang rasa atawa ngagerakkeun hate nu maca, wangun karanganana bisa mangrupa carita pondok, novel, drama, sajak, jsté. Sarta lamun tujuanana campuran; mere nyaho sakaligus ngahudang rasa, karanganana bisa ditulis dina wangun biografi, otobiografi, pangalaman, atawa wangun sejenna. Jadi, ebreh yen wangun karangan dijieun sabada tujuan hjarang ditangtukeun.

#### 3.1.5 Pamarekan

Pamarekan nulis mangrupa jawaban tina patalekan, "Kumaha sikep pikiran kuring kana hiji topik? Naha rek ngebrehkeun bukti-bukti atawa rek nyieun rekaan wungkul?"

Dumasar kana pedaran di luhur, ebreh yen aya dua pamarekan kana topik karangan nya eta pamarekan faktual jeung pamarekan imajinatif. Pamarekan faktual nya eta cara medar jejer karangan ku cara ngebrehkeun fakta-fakta, data-data, atawa bukti-bukti anu kasaksian ku pancadria. Dina pamarekan faktual, nu nulis kudu bener-bener seukeut nitenan naon-naon anu rek ditulisna. Nu nulis kudu nitenan bukti-bukti anu diperlukeun pikeun ngarojong tulisanana. Nyusun karangan make pamarekan faktual bisa jadi leuwih gampang. Tapi, pamarekan imajinatif teu ngandung harti leuwih goring, sabab loba karangan anu make pamarekan imajinatif leuwih hade tur mikat hate nu maca.

Naon ari pamarekan imajinatif teh? Pamarekan imajinatif nya eta cara medar hiji topik karangan anu leuwih museurkeunkeun kana rekaan, hayalan, fantasi nu nulls.

Boh, pamarekan faktual, boh pamarekan imajinatif bisa dipake pikeun medar hiji topik anu sarua atawa hiji topik anu sarua bisa dipedar ku dua pamarekan, faktual atawa imajinatif. Upamana:

**Topik:** Sato dina jero kurung

**Pamarekan faktual:** Nyaritakeun kaayaan sato anu hirup dina jero kurung dibandingkeun jeung sato anu bebas, bisa liar ka mana-mana.

**Pamarekan imajinatif:** Anu dimaksud sato dina jero kurung teh manusa. Nu nulis sabenerna hayang nyaritakeun manusa anu geus katalikung hirupna, lir sato anu aya di jero kurung.

### 3.1.6 Raraga Karangan

Dina ngarang, urang salilana kudu inget kana tema anu rek dimekarkeun. Tulisan ulah ngayayay ka ditu-ka dieu. Tapi ti mimiti paragraf munggaran keneh eta tema teh kudu geus katuturkeun ku nu maca sarta terus mekar dina paragraf-paragraf satuluyna nepi ka paragraf pamungkas. Ku kituna, ngarah tulisan henteu ngayayay, nu nulls kudu nyieun heula raraga karanganana.

#### 3.1.6.1 Harti Raraga Karangan

Raraga karangan mangrupa hiji rarancang gawe anu ngawengku gurat-gurat badag tina hiji karangan anu baris dipedar (Keraf, 1984:132). Raraga karangan ngawengku katangtuan-katangtuan poko kudu kumaha hiji topik disinamekar. Raraga karangan bisa ngajamin pikeun nyusun karangan anu logis tur sistematis. Raraga karangan bisa ngabedakeun gagasan utama jeung gagasan tambahan. Raraga karangan teu meunang dijadikeun hiji padoman nu kaku. Tegesna, henteu meunang dirobah, tapi sabalikna, raraga karangan salilana bisa robah jeung disampurnakeun. Raraga karangan bisa mangrupa catetan-catetan kumplit atawa basajan anu engkena baris dipedar nepi ka ngajanggelek jadi hiji karangan. Raraga karangan mangrupa miniatur/prototipe tina hiji karangan.

Tina katerangan-katerangan di luhur, bisa diperelekeun yen raraga karangan teh:

- 1) mangrupa rarancang gawe;
- 2) ngawengku aturan-aturan poko pikeun mekarkeun hiji topik;
- 3) bisa ngajamin nyusun karangan anu logis tur sistematis;
- 4) bisa ngabedakeun antara gagasan utama jeung gagasan tambahan;
- 5) salilana bisa robah jeung disampurnakeun;
- 6) mangrupa catetan-catetan, boh basajan boh kumplit anu bakal dimekarkeun jadi hiji karangan; jeung
- 7) mangrupa miniatur/prototipe tina hiji karangan.

#### 3.1.6.2 Mangfaat Raraga Karangan

Gorys Keraf nyebutkeun yen mangfaat nyusun raraga karangan teh nya eta pikeun mantuan nu nulis dina:

- 1) nyusun karangan anu puguh entep seureuhna;
- 2) nyiptakeun klimaks anu beda-beda;
- 3) nyingkahan medar hiji topik nepi ka dua kali atawa leuwih; jeung
- 4) neangan pedaran tambahan.

#### 3.1.6.3 Cara Nyusun Raraga Karangan

Raraga karangan anu hade henteu bisa sakali jadi. Nu nulis salilana usaha satekah polah pikeun nyampurnakeun wangun raraga karanganana. Aya lima langkah dina nyusun raraga karangan.

- 1) Nyieun tema anu jentre dumasar kana hiji topik jeung tujuan nu baris dihontal.
- 2) Ngayakeun inventarisasi topik-topik anu mangrupa wincikan tina topik puseur.
- 3) Ngajen kana sakabeh topik anu geus dicatet dina dua langkah tadi (langkah 1 jeung 2).
  - (i) Naha sakabeh topik anu tadi aya patalina (relevan) jeung tema?
  - (ii) Naha aya dua topik atawa leuwih anu sarua?
  - (iii) Naha sakabeh topik sadarajat atawa henteu?
- 4) Langkah 2) jeung 3) dilaksanakeun sababaraha kali sangkan ngahasilkeun hiji raraga karangan anu gemet tur taliti.

5) Nangtukeun hiji pola susunan anu pangcocogna pikeun ngebrehkeun naon-naon anu geus dijieun dina langkah-langkah samemehna.

#### 3.1.6.4 Pola Susunan Raraga Karangan

Ngarah hiji susunan raraga karangan puguh, biasana digunakeun sababaraha cara. Pola susunan anu utama nya eta pola alamiah jeung pola logis.

##### 3.1.6.4.1 Pola Alamiah

Anu dimaksud pola alamiah nya eta hiji runtuyan raraga karangan anu luyu jeung kanyataan atawa luyu jeung kahirupan dunya nyata. Ku kituna, pola alamiah disusun dumasar kana tilu atawa opat jihat: luhur-handap; datar-tegak; ayeuna-engke; jeung wetan-kulon.

Pola alamiah dibagi deui jadi tilu bagian:

##### a) Susunan waktu (kronologis)

Susunan waktu (kronologis) mangrupa susunan anu umum, tapi kurang narik ati nu maca jeung mangrupa susunan anu panghengkerna. Susunan waktu dumasar kana tahap kajadian.

##### b) Susunan ruang (spasial)

Susunan ruang (spasial) diperlukeun lamun anu diebrehkeunana aya patalina jeung rohang/tempat.

##### c) Susunan dumasar kana topik nu aya

Susunan ieu dipake lamun nu nulis hayang ngagambarkeun hiji barang/hal/kajadian anu bagian-bagianana geus tangtu sarta nyusunna teu meunang ka ditu-ka dieu tapi kudu dumasar kana topik anu aya. Eta bagian-bagian ten kudu dijentrekeun kalawan sistematis, henteu kudu dipikir heula bagian mana anu leuwih penting.

##### 3.1.6.4.2 Pola logis

Anu dimaksud pola logis nya eta pola susunan raraga karangan anu disusun dumasar kana tanggapan nu nulis luyu jeung logika/jalan pikiranana.

Aya sababaraha susunan logis.

a) Susunan klimaks jeung anti klimaks

Susunan ieu timbul ku sabab ayana tanggapan ti nu nulis dumasar kana tempat ayana hal anu dianggap paling penting. Lamun bagian anu pentingna aya di bagian pamungkas, disebutna susunan klimaks. Sabalikna, lamun anu pentingna aya di bagian munggaran disebut anti klimaks.

b) Susunan kausal

Susunan kausal nya eta pola susunan raraga karangan anu dimimitian tina sabab ka akibat atawa sabalikna, tina akibat kana sabab.

c) Susunan ngungkulan masalah

Susunan ieu dimimitian ku ayana hij masalah terus kana kacindekan umum pikeun ngungkulan masalah tadi. Susunan ieu sakurang-kurangna ngawengku tilu bagian:

(i) deskripsi kajadian;

(ii) analisis sabab-musabab pasualan; jeung

(iii) alternatif-alternatif pikeun ngungkulan masalah.

d) Susunan umum-husus

Susunan umum-husus ngandung harti susunan karangan dimimitian tina hal-hal anu sifatna umum terus kana hal-hal anu husus. Atawa sabalikna, dimimitian ku hal-hal anu sifatna husus terus ka nu umum,

e) Susunan familiaritas

Susunan familiaritas nya eta susunan karangan anu dimimitian ku ngebrehkeun hal-hal anu dianggap geus dipiwanoh ku pamiarsa kakara medar hal-hal anu dianggap asing ku balarea.

f) Susunan ekseptabilitas

Susunan ekseptabilitas ampir sarua jeung susunan familiaritas. Lamun familiaritas mah dimimitian ku hal-hal anu geus dipikanyaho ku masarakat terus kana hal-hal anu dianggap asing, sedengkeun ekseptabilitas mah dimimitian ku gagasan-gagasan anu sakirana ditarima ku nu maca terus kana gagasan-gagasan anu mungkin ditolak.

Nurutkeun Widyamartaya, pola nyusun raraga karangan teh bisa ku cara-cara ieu di handap.

1) Bagan B-K-P

Karangan baris dipedar nurutkeun waktu **B**ihari. **K**iwari \_ **P**ingburi\_

2) Bagan DAM-B

Karangan baris dipedar nurutkeun runtuyan **D**uduk perkara \_ **A**lesan. **M**isil. jeung **D**uduk perkara deui.

3) Bagan PM Hatta

Karangan baris dipedar nurutkeun kana **P**erhatian, **M**inat, **H**asrat, jeung **T**indakan.

4) Bagan 5W + 1H

Karangan baris dipedar dumasar kana

**W**hat (naon),

**W**ho (saha),

**W**hen (iraha),

**W**here (di mana),

**W**hy (ku naon), jeung

**H**ow (kumaha).

5) Bagan T-A-S

Karangan baris dipedar nurutkeun runtuyan Tesis-Antitsis- **S**intesis.

6) Bagan B-Eu-P

Karangan baris dipedar nurutkeun runtuyan **B**ubuka-**E**usi- jeung **P**anutup.

### 3.1.6.5 Rupa-rupa Raraga Karangan

Rupa-rupa raraga karangan bisa disawang tina dua jihat, nya eta dumasar kana sifat wincikanana jeung dumasar kana rumusan teksna.

#### 3.1.6.5.1 Raraga Karangan Dumasar kana Sifat Wincikanana

Dumasar kana sifat wincikanana, raraga karangan bisa dibagi jadi dua rupa.

1) Baraga karangan sementara (nonformal)



Raraga karangan sementara (nonformal) mangrupa dasar pikeun nyampurnakeun.

## 2) Raraga karangan formal

Raraga karangan formal dijieun ku sabab ayana tanggapan ti nu nulls yen topik anu baris dipedarna ten kompleks (ruwed) atawa eta topik teh basajan tapi nu nulis henteu boga niat gancang-gancang pikeun medar eta topik. Jadi, bisi poho, raraga karanganana ditulis formal.

### 3.1.6.5.2. Raraga Karangan Dumasar kana Rumusan Teksna

Dumasar kana rumusan teksna, raraga karangan bisa dibagi dua.

#### 1) Raraga karangan kalimah

Luyu jeung ngaranna, nu dimaksud raraga karangan kalimah nya eta raraga karangan anu disusun make kalimah lengkep.

#### 2) Raraga topik

Raraga karanganana disusun henteu ngagunakeun kalimah lengkep tapi mangrupa kecap/frase, Ku kituna, susunan raraga topik biasana kurang jentre jeung kurang taliti.

### 3.1.6.7 Sarat-sarat Raraga Karangan

Aya sawatara hal anu kudu dicumponan pikeun nyusun raraga karangan anu hade.

- 1) Tesis atawa ebrehan maksud kudu jentre.
- 2) Unggal unit raraga karangan ngan boga hiji gagasan.
- 3) Poko-poko raraga karangan kudu disusun logis.
- 4) Kudu ngagunakeun pasangan simbol anu konsisten dina:
  - (a) makena angka jeung huruf;
  - (b) tipografi (nempatkeun angka-angka jeung huruf-huruf).

Konvensi dipakena angka jeung huruf nya eta saperti ieu di handap,  
Angka Romawi ——— tingkatan kahiji

Huruf kapital ——— tingkatan kadua

Angka Arab ——— tingkatan katilu

Huruf leutik ——— tingkatan kaopat

Angka Arab di jero kurung ——— tingkatan kalima

Huruf leutik di jero kurung ———  
tingkatan kagenep.

### 3.1.6.8 Conto Raraga Karangan

Conto raraga karangan anu ditulis dumasar kana konvensi makena angka jeung huruf.

#### I. Faktor-faktor anu Nimbulkeun Peperangan

##### A. Napsu hayang ngawasa dunya

1. Ngajajah daerah sejen
  - a. ku cara politis
  - b. ku cara militer
  - c. ku cara ekonomis
2. Ngarebut kakawasaan di jero nagara
  - a. ku cara politis
  - b. ku cara militer

##### B. Peperangan ideologi

1. Sosialisme
2. Kapitalisme

#### II. Jste,

### 3.1.7 Judul

Nangtukeun judul mangrupa langkah pamungkas dina tahap ngantebkeun ide. Naon ari judul? Kumaha cara nyieun judul anu hade? Ngarah tetela, urang pedar bae di handap.

#### 3.1.7.1 Harti

Judul atawa titel mangrupa etiket, label, merk, atawa ngaran anu dilarapkeun kana karangan. Judul mangrupa beungeut karangan anu baris ngahudang kapanasaran nu maca kana pasualan anu dipedar. Judul mangrupa

slogan anu midangkeun topik dina wangunan nu leuwih narik ati. Ki kituna, judul kudu luyu tur nyuluran sagemblengna eusi karangan, eces, tur singget.

### 3.1.7.2 Pituduh Nvieun Judul

Tina wangenan-wangenan di luhur oge sabenerna geus jentre kumaha carana nyieun judul, tapi supaya leuwih eces, di dieu baris diebrehkeun sababaraha hal anu kudu diperhatikeun dina nyieun judul.

- 1) Narik ati sarta matak nimbulkeun kapanasaran ka nu maca pikeun hayang nyaho kana eusi karangan.
- 2) Luyu jeung eusi karangan.
- 3) Dijieun kalawan singget tur eces.

Sarengsena medar tahapan karangan, ayeuna rek ditulis hiji conto ti mimiti nangtukeun topik, tema, tujuan, wangun, pamarekan, raraga karangan, jeung judul karangan.

**Topik:** Tampilan di pasisian

**Tema:** Hade gorengna tampilan ditilik tina jihat fungsi, kaayaan sosial ekonomi, jeung norma agama.

**Tujuan:** Pikeun, mere informasi jeung ngahudang rasa nu maca

**Pamarekan:** Pamarekan faktual anu diuwuhan ku imajinatif pangarang.

**Raraga karanganana:**

I. Bubuka: Nganjang ka Pasisian

II. Fungsi Tampilan

A. Mangrupa sarana sosial pikeun miara kabersihan jeung kasehatan masarakat

B. Bisa ngadatangkeun ilham ka seniman

III. Tampilan Disawang tina Jihat Sosial, Ekonomi, jeung Agama

A. Tampilan nuduhkeun kahirupan sosial, ekonomi masarakatna

B. Tampilan hanteu nyumponan norma agama

IV. Panutup: Harepan nu Nulis

**Judul:** "Tampian di Pasisian"

### 3.2 Parabol Ngutarakeun Gagasan

Sanggeus tahap kahiji dilaksanakeun, kakara urang nitenan tahap satuluyna nya eta tahap ngutarakeun gagasan. Gagasan-gagasan diutarakeun dina wangun kalimah. Kalimah-kalimah disusun jadi paragraf. Paragraf-paragraf disusun ahirna ngajanggelek jadi hiji karangan.

Pikeun nu mimiti nulis, tahap ngutarakeun gagasan teh sok karasa hese. Hese nangtukeun kalimah munggaran. Padahal kalimah munggaran dina karangan mangrupa konci anu baris muka eta karangan. Kalimah munggaran mangrupa kontak anu munggaran antara nu maca jeung nu nulis. Najan henteu sarua pentingna jeung judul karangan, tapi leuwih hade lamun kalimah munggaran geus bisa mukakeun hate nu maca. Kalimah munggaran sing bisa irgagambarkeun yen eta karangan teh baris mere hiji hal anu mangfaat ka nu maca. Ulah nepi ka kakara maca kalimah anu munggaran nu maca geus ngarasa bosen, teu hayang neruskeun deui maca eta karangan.

Widyamartaya (1987:25) mere pituduh pikeun ngagampangkeun nyieun kalimah munggaran. Ngarah babari, urang singget bae jadi TOP-KUAT anu huruf awalna nyoko kana:

**T** (esis); mimiti ngarang ku cara ngebrehkeun tesis.

**O** (mongan); mimiti ngarang dibuka ku omongan, dialog, paguneman.

**P** (aripolah); mimiti nulis dibuka ku paripolah, tingkah laku, 'action'.

**K** (uriositas); mimiti nulis ku nyodorkeun hal-hal anu matak ngahudang kapanasaran, nimbulkeun rasa hayang nyaho, kuriositas sarta dibarengan ku bukti-bukti anu narik ati.

**U** (ngkapan); mimiti nyieun kalimah munggaran anu diwangun ku ungkapan, babasan atawa paribasa.

**A** (nekdote); tulisan dibuka ku anekdot, kutipan pangalaman, atawa kajadian leutik.

T (anya); tulisan dibuka ku patalekan, kalimah tanya inversi; kalimah tanya anu henteu perlu dijawab.

Ayeuna urang pake rumus TOP-KUAT teh pikeun nyieun kalimah munggaran dina paragraf mimiti. Upamana, nyaritakeun soal banjir.

T = Meh unggal taun banjir datang mawa korban.

O = "Sora naon ieu teh?" cek bapa bari tibuburanjat.

"Ieu mah jiga gulidagna cai, Pa," cek kuring.

P = Kuring ngadenge sora cai ngagulidag. Bapa gancang ka luar. Teu lila kadenge sora kokkol ditakolan bari ngabejaan, "Banjir!" "Banjir!"

K= Aya warta anu henteu matak gumbira: banjir nyerang daerah Lumajang: imah-imah alancur, sawah kebon tumpur, nya kitu deui korban jiwa, teu saeutik jalma anu kakeueum, lantaran banjir datangna dina mangsa jalma sare tibra.

U = Takdir teu bisa dipungkir, bagja teu bisa diala. Sanajan jelema usaha satekah polah ngahalangan tapi banjir angger datang; nyerang daerah lamajang.

A = Peuting harita adi kuring nanya gunana bendungan. Kuring nerangkeun sakanyaho kuring. Teu lila kadenge warta berita Bendungan S. Brantas bobol; daerah Kediri jadi korban.

T = Saha anu teu ngarasa sedih ngadenge warta anu teu nyugemakeun? Saha anu teu hanjelu ningali daerah Kediri ancur akibat banjir rongkah? (Widyamartaya, 1987:26).

Tah, lamun kalimah munggaran dina paragraf munggaran geus dijieun, urang perlu nitenan soal efektif henteuna eta kalimah deuih. Nya kitu deui soal hade gorengna paragraf, sarta aturan nulis atawa ejahanana. Ku kituna, dina tahap ngutarakeun gagasan ieu, baris dipedar sawatara parobot pikeun ngutarakeun gagasan, nya eta 1) kalimah efektif; 2) paragraf; jeung 3) ejahan.

### 3.2.1 Kalimah Efektif

Kalimah mangrupa faktor utama anu nangtukeun efektif henteuna hiji karangan sabab kalimah pisan anu bisa nungtun ka nu maca sangkan wanoh kana eusi bacaan. Lamun kalimahna miboga daya tarik atawa narik ati, tangtu nu maca hayang terus nyaho naon eusi bacaan satuluyna. Sabalikma, lamun kalimahna teu boga daya tarik, nu maca bakal kandeg.

Urang tangtu ngalaman maca hiji karangan nepi ka rarasaan milu ancub; dalit ngahiji jeung eta karangan. Naon sababna pangna kitu? Naha dilantarankeun ku eusi eta karangan? Saliwatan mah memang bener dilantarankeun ku eusi karangan. Tapi naha bisa kacangkem eusina eta karangan, lamun henteu diwangun ku kalimah-kalimah. Naha eta karangan bakal kaharti lamun kalimahna susah; henteu puguh basana atawa aturan nulisna? Jadi, tetela kalimah efektif teh kacida pentingna.

#### 3.2.1.1 Harti Kalimah Efektif

Kalimah nya eta wangun katatabasaan miwujud kecap atawa runtuyan kecap nu puguh adeganana pikeun ngebrehkeun pikiran kalawan gembleng, diwatesanan ku randegan panjang binarung jeung wirahma turun atawa naek (Sudaryat, 1991:85). Ari efektif ngadung harti 1) aya efekna (akibat,, pangaruh, kesan); 2) mujarab, manjur; 3) bisa mawa hasil; ngabogaan hasil guna (Balai Pustaka, 1990:219).

Ari kalimah efektif naon hartina? Konsep kalimah efektif dipiwanoh dina hubungan fungsi kalimah salaku pakakas komunikasi. Dina hubungan ieu, unggal kalimah aya patalina jeung proses nepikeun katut proses narima. Anu ditepikeun atawa ditarima teh bisa mangrupa ide, gagasan, pesen, harti, atawa wawaran. Jadi, anu dimaksud kalimah efektif teh nya eta kalimah anu bisa nepikeun ide, gagasan, harti, atawa wawaran nepi ka naon-naon anu ditepikeun tadi bisa katarima kalawan sampurna. Kalimah efektif bisa nepikeun eusi pikiran nu nulis kalawan jentre nepi ka bisa kagambar dina pikiran anu narima (nu maca) luyu jeung naon-naon anu hayang ditepikeun ku nu nulis.

### 3.2.1.2 Ciri-ciri Kalimah Efektif

Kalimah anu polana salah nurutkeun tatabasa jentre henteu efektif. Tapi kalimah anu geus nyumponan tatabasa oge can tangtu efektif. Upamana, aya kalimah kieu: "Hey, Neng! Rido henteu manah Eneng upami nguningakeun ka simkuring, sabaraha pangaos ieu endog sakilona?" Nurutkeun tatabasa mah moal aya nu nyalahkeun, tapi urang bakal disangka kurang saeundan lamun eta kalimah dipake balanja endog di pasar. Jadi, anu kumaha anu dimaksud kalimah efektif teh?

Nurutkeun Soedjito, aya opat ciri kalimah efektif nya eta:

- 1) ciri gramatikal;
- 2) pilihan kecap atawa diksi;
- 3) logika; jeung
- 4) 'keserasian'

#### a. Ciri Gramatikal

Kalimah efektif kudu nyumponan palanggeran-palanggeran tatabasa (gramatikal). Nu dimaksud tatabasa nya eta tata susun tina patokan-patokan anu aya dina adegan basa. Tatabasa mangrupa tiori anu ngagambarkeun cara basa lumampah tur dipake ku panyaturna; ayana dina otak, sipatna homogen, tur relatif angger.

Ari tatabasa ngawengku dua bagian:

- (1) morfologi
- (2) sintaksis

Perkara morfologi jeung sintaksis moal dipedar di dieu mah. Ayeuna urang titenan bae conto-conta kalimah di handap .

#### Henteu Gramatikal

- (i) \*Urang hayu babarengan mulasara basa Sunda!
- (ii) \*Budi ngabawa buku.
- (iii) \*Basa mangrupakeun wujudiah sora.
- (iv) \*Kuring henteu guru, tapi dokter.

## Gramatikal

- (i) Hayu urang babarengan mulasara basa Sunda!
- (ii) Budi mawa buku.
- (iii) Basa mangrupa wujudiah sora.
- (iv) Kuring lain guru, tapi dokter.

### b. Pilihan Kecap/Diksi

Aya anggapan yen pilihan kecap/diksi mangrupa hal basajan anu henteu kudu dititénan sabab mangrupa hal wajar tapi kanyataanana mah henteu kitu. Loba jalma anu hese ngutarakeun maksudna sarta heureut pisan kabeungharan variasi basana, tapi aya oge jalma anu ngahambur-hambur kandaga kecapna, bari jeung eusina mah euweuhan. Tina kituna, pikeun nyingkahan hal-hal di luhur, urang perlu nitenan perkara diksi.

#### 1) Harti Pilihan Kecap/Diksi

Diksi nya eta milih kecap anu ngabogaan harti merenah ; jeung luyu cara makena pikeun ngebrehkeun gagasan/jejer caritaan, kajadian ka nu maca atawa singgetna disebut pilihan kecap. Diksi ngawengku ma'na-ma'na kecap anu rek dipake pikeun ngutarakeun maksudna. Diksi mangrupa kaparigelan ngabedakeun nuansa-nuansa ma'na anu mereneh tina gagasan anu diebrehkeun. Diksi anu bener tur luyu ngan bisa dipimilik ku jalma anu ngawasa sajumlah kandaga kecap.

#### 2) Pituduh Milih Kecap

Nurutkeun Poerwadarminta (1979:43), aya tilu katangtuan dina milih kecap:

- (i) 'tepat' merenah ;
- (ii) 'seksama' taliti; jeung
- (iii) 'lazim' ilahar dipake.



a) 'Tepat' merenah

'Tepat' merenah dina 'harti' jeung 'tempat' eta kecap. Kecap anu merenah di tempat anu merenah.

Conto: (i) Abdi neda, bapa tuang.

(ii) \*Abdi tuang, bapa neda,

Conto (i) geus merenah, sedengkeun conto (ii) mah teu merenah.

b) 'Seksama' taliti

Anu dimaksud 'seksama' nya eta pinuh paniten, gemet, apik, taliti, ati-ati.

Conto: Lamun maksudna 'nyuhun pare' ulah disebut 'mawa pare' sabab beda antara 'nyuhun' jeung 'mawa'. Nyuhun mah nya eta mawa barang dina sirah (hartina leuwih husus tina mawa). Atawa bisa disebutkeun yen mawa miboga harti umum, nyuhun mah boga harti husus.

c) 'Lazim' ilahar dipake/lumrah

Anu dimaksud 'lazim' nya eta geus ilahar, biasa dipake dina hiji basa. Kecap-kecap arkaik (tara dipake deui) bakal karasa hese kacangkemna. Tina kituna, dina milih kecap hadena mah ngagunakeun kecap-kecap anu geus ilahar dipake ngarah komunikatif. Conto: Kecap 'dalem' ayeuna mah geus teu dipake deui, tapi nu ilahar ayeuna mah nya eta 'bupati'.

## C. Logika

Unsur sejen anu kudu diperhatikeun dina milih kecap nya eta perkara logika. Logika milu nangtukeun hade gorengna kalimah. Logika bisa nangtukeun gampang henteuna nyangkem pamikiran hiji jalma.

### 1) Harti Logika

Naon ari logika teh? Logika mangrupa kecap barang, kecap sifatna logis (luyu jeung logika). Logika nya eta pangaweruh atawa aturan mikir; jalan pikiran anu asup akal (Balai Pustaka, 1990:530). Sacara lengkep, logika bisa dihartikeun hiji proses mikir anu matalikeun bukti-bukti pikeun nyieun hiji kacindekan anu

asup akal. Atawa bisa oge dihartikeun hiji proses mikir pikeun nyieun hiji kacindekan anu asup akal dumasar kana bukti-bukti anu aya.

Perhatikeun conto kalimah di handap.

- \*) "Eta jalma satekah polah ngagarap sawahna sabab mahasiswa-mahasiswa Indonesia kudu ngagarap hiji karya ilmiah samemeh disebut lulus ti paguron luhur".

Unggal bagian eta kalimah (klausa) di luhur ten bisa kaharti, tapi lamun ditingali sagemblengna bakal nimbulkeun hal anu teu bisa katarima ku akal.

Conto sejenna dina kalimah basajan saperti ieu di handap.

Kalimah teu logis:

- \*Waktos sareng tempat dihaturanan.
- \*Kuring henteu jentre.

Kalimah logis:

- Sesepuh Jurusan dihaturanan.
- Keteranganana henteu jentre. Atawa - Kuring can ngarti.

## 2) Dasar-dasar Proses Mikir anu Logis

Aya dua dasar atawa tatapakan proses mikir anu logis nya eta definisi/wangenan jeung generalisasi.

### a) 'Definisi' wangenan

Wangenan nya eta kecap, frase, atawa kalimah anu ngebrehkeun harti, keterangan, atawa ciri utama jalma/barang/proses/kagiatan. Atawa wincikan ambahan jeung ciri-ciri hiji konsep anu jadi jejer (Balai Pustaka, 1990: 191). Wangenan teh lian ti ngajentrekeun hiji konsep atawa istilah, oge bisa dipake pikeun mekarkeun ide/gagasan. Wangenan bisa nyingkahan kasalahpahaman antara panyatur atawa nu nulis jeung pamiarsa/pamaca.

Aya sababaraha metode nyieun wangenan.

(i) Wangenan hasil analisis

Nyieun wangenan ku kecap anu leuwih lega ambahanana tapi dibarengan ku ciri-ciri husus anu dipimilik ku eta barang. Conto: Manusa nya eta mahluk Alloh anu dipaparin akal jeung budi.

(ii) Wangenan ku deskripsi

Nyieun wangenan ku cara ngagambarkeun jeung barang sejenna anu sakirana geus dipiwano. Conto: Beureum nya eta salah sahiji warna dasar anu aya dina bandera urang.

(iii) Wangenan ku conto

Nyieun wangenan ku conto. Upamana: Novel nya eta wangun karangan saperti *Puputon* karangan Aam Amilia.

(iv) Wangenan ku sinonim

Nyieun wangenan ku cara make kecap anu sarua hartina. Conto: Beunghar nya eta loba harta bandana, kaya, sugih.

b) Generalisasi

Generalisasi nya eta nyieun hiji gagasan/kacindekan umum anu leuwih basajan tina katerangan samemehna. Generalisasi mangrupa hiji ebrehan anu nyindekkeun sababaraha gagasan tina kajadian-kajadian anu sarua. Contona:

Kajadian A: Bibi kuring nabrak budak leutik kamari.

Kajadian B: Basa balik ti pasar, Ibu Nuni nabrak panto garasi mobilna.

Kajadian C: Nyi mojang nabrak tangkal kai di sisi jalan.

Generalisasi: Awewe mah teu bisa nyupiran. leu generalisasi ten can yakin. sabab fakta/buktina kurang pisan.

Id "Keserasian" Payus/Saluyu

'Keserasian' nya eta kasaluyuan antara panyatur atawa nu nulis jeung pamiarsa/nu maca luyu; atawa payus jeung kaayaan. Upamana, dina karangan ilmiah basa anu dipake kudu ragam basa lulugu/standar tapi dina obrolan sapopoe mah bisa make basa anu henteu resmi.

## 2.2.2 Paragraf

Hiji karangan biasana diwangun ku gundukan kalimah-kalimah anu raket patalina tur ngarojong hiji gagasan anu gembleng. Eta gundukan kalimah teh disebutna paragraf atawa alinea.

### 3.2.2.1 Harti Paragraf

Nurutkeun Balai Pustaka (1990:22), paragraf nya eta bagian wacana anu ditandaan ku jajaran munggaran nu ditulis ngelok ka jero atawa spasina leuwih; ragam paguneman ganti jajaran; jajaran anyar dina tulisan. Paragraf nya eta bagian bab dina hiji karangan (biasana ngabogaan hiji ide poko sarta nulisna dimimitian ku jajaran anyar); alinea. Paragraf nya eta hiji beungkeutan pikiran anu panjang jeung legana leuwih ti kalimah. Paragraf mangrupa kumpulan ka limah-kalimah anu raket patalina pikeun ngawangun hiji ide (Gorys Keraf, 1980:62). Paragraf mangrupa inti pikeun ngebrehkeun pikiran dina hiji karangan (Sabarti Akhadiah, dkk., 1990:144).

Dina paragraf tinangtu aya gagasan pamikiran anu hayang dijentrekeun. Gagasan-gagasan bakal jentre ku ayana pedaran-pedaran panglengkep anu ngarojong pikiran tadi. Cindekna, unggal paragraf teh boga hiji gagasan utama anu dirojong ku sakumna kalimah anu agawangun eta paragraf.

### 3.2.2.2 Guna Paragraf

Guna paragraf anu utama nya eta pikeun nyirian ayana topik anyar atawa pikeun mekarkeun topik samemehna. Perhatikeun conto ieu di handap.

Kampanye taun ieu loba nu ngasongkeun jurkam anu ngarora. Tangtu wae kalawan tujuan hayang nganjang ka pageto meureun, araheun jaga.

Salah saurang di antarana anu nyongcolang teh nya eta Evita Asmalda Prayitno, S.H. Lalampahan karierna lir ibarat meteor. Dua kali milu nyolok, katilu kalina

geus kapilih jadi caleg. Jeung nomer jadi deuih. Jaba keur DPR pusat deuih. Mana kitu oge kader istimewa manehna teh (Galura Minggu IV, Mei 1992).

Dina dua paragraf di luhur ebreh ayana dua topik anu beda. Paragraf munggaran mah nyaritakeun 'kampanye', sedengkeun paragraf kadua mah nyarita-keun \* Evita Asmalda Prayitno, S.H. salah saurang jurkam ngora. Tapi dua paragraf di luhur teh raket patalina sabab mangrupa dua paragraf munggaran anu dicutat tina hiji wacana.

Lian ti nandaan ayana topik anyar, paragraf bisa ngagampangkeun ayana konsentrasi. Ku ayana paragraph, nu maca bisa eureun heula nu wajar. Nu maca bisa museurkeun heula pamikiran lamun aya hal-hal anu perlu dipikir. Nu maca bisa konsentrasi heula mikiran tema anu aya dina eta paragraf.

### 3.2.2.3 Unsur-unsur, Paragraf

Paragraf nya eta hiji model karangan anu diwangun ku sababaraha kalimah anu aya patula-patalina jeung ngabogaan hiji pikiran utama, anu ngajiwaan eta karangan. Nilik kana wangenan ieu, katiten ayana unsur-unsur paragraf.

#### 1) Pikiran utama

Mangrupa pikiran anu ngajiwaan hiji paragraf.

#### 2) Pikiran panambah

Mangrupa pikiran anu ngajentrekeun pikiran utama.

#### 3) Kalimah utama

Kalimah tempat ayana pikiran utama.

#### 4) Kalimah panambah

Kalimah tempat ayana pikiran panambah.

Dumasar kana perelean unsur-unsur paragraf di luhur, bisa dicindekkeun yen unggal paragraf diwangun ku sababaraha kalimah. Unggal paragraf diwangun ku kalimah utama (anu pikiran utama) jeung hiji atawa sababaraha kalimah panambah (anu ngandung pikiran panambah). Tapi teu kitu, dina kanyataanana mah aya paragraf anu diwangun ngan ku sakalimah. Hal ieu dilantarankeun:

1) eta paragraf kurang hade dimekarkeunana ku nu nulis.

Nu nulis kurang nyangkem hakekat paragraf.

2) dihaja ku pangarang.

Manehna ngebrehkeun gagasan lain pikeun dimekarkeun atawa rek dimekarkeunana dina paragraf-paragraf satuluyna.

#### 3.2.2.4 Cara Nulis Paragraf

Aya dua cara nulis paragraf nya eta cara ngelok jeung cara lempeng.

1) Cara ngelok

Jajaran nunggaran dina unggal paragraf ditulis ngelok ka jero. Cara ngelok ilahar dipake". Contona:

Mimitina mah nu dipake tumpangan maen teh teu pira ngan ukur siki kayu api. Lila-lila naek kana tumpangan duit, ti sapeseran naek-naek nepi ka saketipan tungtungna meakeun perak-perak.

Perbawana maen lamun eleh matak panas hate jeung pusing. Ngadak-ngadak wani pulang-paling, babakuna maling duit kolot atawa maling barang-barang nu beunang digadekeun. Lamun di imah kolot geus taya palingneun, nya sok tuluy nyayab ka imah tatangga (*Babalik Pikir*: Samsudi)

2) Cara lempeng

Beda jeung cara ngelok, paragraf anu make cara lempeng mah unggal kalimahna ditulis lempeng. Cara ngabedakeun hiji paragraf jeung paragraf sejenna nya eta ku cara diliwat saspasi.

Contona:

Dina hiji poe dewek maen domino jeung berudak tatangga, tumpangan duit. Tempatna di kebon awi ngarah teu dibuburak ku kolot-kolot. Harita dewek mawa pawit teh rada gede oge aya kana saringgitna. Demi pawitna nya eta ladang ngagadekeun iket. Iketna beunang maling ti paman dewek.

Dasar harita dewek geus gede teuing dosa, maen domino teh eleh. Ku lantaran hayang nyusul pawit, dewek nepi ka ngajalankeun licik tapi kaburu kanyahoan ku musuh dewek. Atuh teu kira-kira bae musuh teh ngambekna, datang ka wani nampiling ka dewek. Ari dewek da puguh jelema keur kabungbulengan, eukeur man eleh duit, katurug-turug aya nu nyabok. Teu antarah deui tuluy dewek

nyabut peso rek ngamuk ka musuh-musuh dewek tea, atuh buriak bae musuh-musuh lalumpatan bari tingjarerit menta tulung (*Babalik Pikir*. Samsudi).

### 3.2.2.5 Sarat-sarat Ngawangun Paragraf

Paragraf anu hade kudu gampang kecangkem; miboga hiji gagasan anu gembleng, tur susunana hade. Kalimah-kalimahna henteu ngan ukur bisa mekarkeun hiji gagasan tapi kudu sambung-sinambung deuih. Unggal kalimah kudu ngarojong kalimah anu museur kana hiji gagasan. Pikeun ngawangun kalimah-kalimah anu susunanana bener, nu nulis kudu nyusun kalimah-kalimah dumasar kana hiji susunan anu logis tur sambunb-sinambung. Perhatikeun conto ieu di handap.

Dina dunya sinden, urang wanoh ka nu ngaranna Cich  
cankurileung. Cankurileung mah ilaharna ge sok cerewed.  
Trio Kucicha ge carerewed. Trio Kucicha mangrupa grup  
dangdut di Bandung.

Dina conto paragraf di luhur katiten yen eta paragraf teh aya sambung-sinambungna mah (katingali tina kecap nu matalikeunana: Cich Cangkurileung - cangkurileung cerewed; Trio kucicha - grup dangdut) tapi sabenerna nembongkeun pajurawetna pikiran/logika. Ku kituna, eta paragraf lain mangrupa paragraf anu hade.

Bandingkeun jeung conto paragraf ieu.

Diajar ngulik basa teh ngagebraykeun perspektif nu hade enggoning ngaderes proses mental (jalan pikiran) para panyaturna. Rumus/hukum-hukum tatabasa struktur jero nu aya dina otak panyatur dibawa ti barang lahir. Ti barang lahir panyatur geus dilengkepan ku konsep-konsep jeung struktur jero nu sifatna universal, taya hubunganana jeung kungsi atawa henteuna diajar basa, atawa jeung tingkat kacerdasan para panyatur. Jadi, basa jeung jalan pikiran teh mangrupa dua sistem nu otonom, mandiri, tur sewang-sewangan (Karna Yudibrata, spk., 1990:3).

Beda jeung conto paragraf nu tadi, paragraf ieu mah nyumponan sarat-sarat ngawangun paragraf. Eta paragraf miboga hiji gagasan anu gembleng (kohesi) nya eta ngeunaan basa jeung jalan pikiran; sambung-sinambungna

antar kalimat oge dalit. Unggal kalimat silih rojong museur kana hiji gagasan (koherensi). Cindekna, paragraf di luhur teh diwangun ku kalimat-kalimat anu koheren jeung kohesif.

Tina conto di luhur bisa dicindekkeun yen sarat-sarat ngawangun paragraf teh aya tilu.

1) Kohesi ('kesatuan' dalitna eusi)

Anu dimaksud kohesi nya eta yen sakumna kalimat anu ngawangun hiji paragraf museur kana hiji ide/gagasan nu sarua. Hiji paragraf ngan miboga hiji gagasan utama.

2) Koherensi ('kepaduan' kakompakan wangun)

Koherensi nya eta kakompakan hubungan antarkalimat anu ngawangun hiji paragraf. Unggal kalimat dihubungkeun ku sarana koherensi ngarah kalimahna koheren.

3) Ayana ide anu dimekarkeun

Unggal paragraf disusun ku kalimat-kalimat anu mangrupa wincikan tina hiji ide/gagasan eta paragraf.

### 3.2.2.6 Rupa-rupa Paragraf

Paragraf bisa dibagi-bagi dumasar kana tujuanana jeung tempat ayana kalimat utama.

#### a. Babagian Paragraf Dumasar Tujuanana

Dumasar kana tujuanana, paragraf bisa dibedakeun jadi tilu rupa:

- 1) paragraf bubuka;
- 2) paragraf panghubung; jeung
- 3) paragraf panutup.



### 1) Paragraf bubuka

Paragraf bubuka gunana pikeun nganteurkeun nu maca kana pasualan anu baris dipedar. Ku kituna, paragraf bubuka kudu bisa narik ati tur ngahudang kapanasaran nu maca.

### 2) Paragraf panghubung

Masalah poko anu rek dipedar aya dina paragraf panghubung. Paragraf panghubung eusina mangrupa inti pasualan anu hayang ditepikeun. Ku sabab kitu, paragraf panghubung biasana mangrupa paragraf anu pangpan jangna.

### 3) Paragraf panutup

Paragraf panutup tujuanana nya eta pikeun mungkas hiji karangan. Paragraf panutup bisa diwangun ku:

- i) ringkesan tina ide-ide poko/argumen-argumen anu geus ditepikeun.
- ii) ebrehan harepan/pamadegan pangarang ngeunaan hiji hal luyu jeung nu ditulisna.
- iii) panganteb hal-hal anu dianggap penting dina paragraf panghubung.
- (iv) klimak tina hiji carita (lamun naratif).
- iv) lamun anu ditulisna ngeunaan proses nyieun hiji hal; paragraf panutupna mangrupa peragraf anu ngebrehkeun yen pagaweanana geus rengse.

Perhatikeun conto karangan ieu di handap.

### **Bangsat Kabel Telepon jeung Tukang Tadahna**

Sawatara waktu kaliwat di daerah Bogor kabel telepon aya nu megatkeun, panjangna ampir 100 meter. Ku pihak PT Telkom, utamana Witel IV Jawa Barat ieu polah kitu teh dianggap aya motif husus sabab kabel telepon kiwari mah lain kabel tambaga kawas baheula, tapi serat optik, fiber glass. Kawat gelas anu sagedena ngan sagede buuk, tangtuna ge pikeun umum mah taya gunana. Jaba babari pararotong teh, dina nyambungkeunana oge kudu make mikroskop husus.

Tapi bulan Maret kapareumnakeun di Kertasemaya Indramayu jeung di Kabupaten Serang, kabel serat optik teh geus aya nu megatkeun deui wae. "Bisa jadi aya panadahna di Tg Priok, Jakarta, ceuk Drs. Musnan Ak di hareupeun Komisi D, DPRD Jawa Barat.

Aya opatan bangsat kabel serat optik di Indramayu jeung Serang nu geus kacerek.

Diterangkeun oge ka Komisi D ceuk Musnan, kabel serat optik dipakena leuwih optimal kapasitasna. Mun kabel biasa (tambaga) ukur bisa nampung 8000 percakapan telepon, serat optik fiber glass bisa 40.000 leuwih.

Ku mindengna serat optik aya'nu megat-megatkeun aya nu maralingan, Musnan oge teu mungkir laraun aya motif politis (sabotase) tangtuna ge ditujukeun ka Pamarentah. Ku kituna, Musnan meredih ka aparat kaamanan, Kodim, Koramil, pihak pulisi katut masarakat milu nalingakeun kana kabel telepon di wilayahna masing-masing. Angot nyanghareupan Pemilu mah (*Galura*, Minggu III, Mei 1992).

Wacana di luhur ten diwangun ku lima paragraf. Paragraf munggaran mangrupa paragraf bubuka. Paragraf kadua, katilu, jeung kaopat mangrupa paragraf panghubung. Paragraf kalima mangrupa paragraf panutup.

#### b. Babagian Paragraf Dumasar Tempat Ayana Kalimah Utama

Dumasar kana tempat ayana kalimah utama, paragraf bisa dibedakeun jadi opat rupa;

- 1) paragraf dedutif,
- 2) paragraf induktif,
- 3) paragraf deduktif-induktif, jeung
- 4) paragraf deskriptif.

#### 1) Paragraf deduktif

Paragraf anu kalimah utamana aya di awal paragraf disebut paragraf deduktif. Anu dimaksud di awal paragraf teh bisa kalimah kahiji atawa kalimah kadua. Paragraf deduktif dimimitian ku nyaritakeun jejer pasualan terus kana wincikan-wincikan tina jejer tadi. Paragraf deduktif dimimitian ku ngebrehkeun hal-hal anu umum terus kana hal-hal anu husus.

Conto paragraf dedutif:

*Basa Sunda teh basa nu hirup.* Mungguhing basa anu hirup iwal ti miboga papagon jeung kaedah adegan struktur anu mandiri jeung sifat-sifat katut ciri wangun jeung harti anu meh angger, miboga oge karep rancage (kreativitas) anu salawasna dinamis dina enggonirg nyorang parobahan ti

mangsa ka mangsa, Ayana parobahan ti mangsa ka mangsa teh biasana ku lantaran keuna ku pangaruh luar balukar ayana kontak basa jeung budaya lian, jeung ku lantaran ayana daya robah ku swadaya sorangan nu tumuwuh sacara alamiah (Panitia Perumus Kongres, 1988:21).

## 2) Paragraf induktif

Paragraf induktif mah sabalikna tina paragraf deduktif. Paragraf induktif nya eta paragraf anu kalimah utamana aya di ahir paragraf. Paragrafna dimimitian ku kaimah-kalimah panambah terus kana klimaks nyatana kalimah topik.

Conto paragraf induktif:

Mimiti man hayang seuri naha nulis-nulis bae kudu aya mata kuliahna. Ceuk pangrasa sanajan teu diajar oge da nulis man geus bisa. Tapi sanggeus ancrub diajar, anggapan di luhur teh salah kabina-bina. Horeng lamun hayang nulis anu hade mah, loba pisan atur-ianana. *Tina ebrehan di luhur, kuring nyokot kacindekan yen diajar nulis teh kacida pentingna.*

## 3) Paragraf deduktif-induktif

Paragraf deduktif-induktif atawa paragraf campuran nya eta paragraf anu kalimah topikna aya di awal jeung di ahir paragraf. Paragrafna dimimitian ku kalimeh topik terus kalimah pamambah sarta dipungkas ku kalimah topik deui anu sabenerna mangrupa panganteb tina kalimah munggaran.

Conto paragraf deduktif-induktif:

*Omongan manusa teh hakatna mah ngandung harti anu gumulung tina opat aspek: nya eta tema, rasa, nada, jeung amanat. Tema nya eta jejer nu keur dicaritakeun; rasa nya eta harti disawang tina sikep panyatur kana tema; nada nya eta harti disawang tina sikep panyatur ka paregep; jeung amanat nya eta maksud anu ditujukeum ku panyatur ka paregep. Hal ieu ten luyu jeung pamadegan Shipley anu netelakeun yen harti teh hakekatna ngadukung hiji tema ( sense ), rasa (feeling), nada (tone), jeung amanat (intension).*

## 3) Paragraf deskriptif

Beda jeung paragraf deduktif, induktif, atawa campuran paragraf deskriptif mah kalimah topikna sumebar dina unggal kalimah anu ngawangun eta

paragraf. Paragraf nu kieu biasana kapanggih dina pedaran anu sifatna deskriptif (ngagambarkeun) atawa naratif (nyaritakeun) .

Conto paragraf deskriptif:

Mang Karto ngahuleng sajongjongan, garo-garo teu ateu. Bangun anu bingung ngadenge kuring rek ngadon pere di ditu teh. Boa manehna mah geus poho kana surat kuring bareto, atawa bareto mah ngahaminan soteh ukur heueuh-heueuh bueuk (*Mangle*, No. 13A-8, 1992:28).

### 3.2.2.7 Pola Susunan Paragraf

Mekarkeun paragraf gumantung kana ide anu baris dipedar dina eta paragraf. Nu nulis bisa nyaluyukeun tulisanana gumantung kaperluan. Tapi nu nulis bisa mekarkeun paragrafna saperti pola-pola susunan paragraf ieu:

#### 1) Cara alamiah

Nu nulis mekarkeun paragraf dumasar kana pola anu aya nurutkeun obyek kajadian anu dicaritakeun. Cara alamiah ieu bisa make dua cara nya eta nurutkeun runtuyan waktu (kronologis) jeung nurutkeun runtuyan ruang (spasial).

##### (i) Runtuyan waktu (kronologis)

Susunan paragraf anu ngagambarkeun kajadian-kajadian atawa proses-proses dumasar kana runtuyan waktu kajadianana .

Contona:

Ngawitan ngagolakeun cai kinten-kinten tilu atawa opat gelas. Teras leunca, tempe, salam, laja, sereh, tomat, sareng gula digebuskeun kana cai nu tos ngagolak. Bawang bodas sareng bawang beureum direndos sing lemes teras digebuskeun deui ka dinya sareng kecap amis tilu sendok oge uyah. Digodog dugi ka macak-macak (*Galura*, Minggu III, Maret 1992).

##### (ii) Runtuyan ruang (spasial)

Cara ieu nungtun ka nu maca nyaritakeun ti hiji titik kana titik satuluyna anu aya patalina jeung rohangan. Upamana nyaritakeun ti hareup ka tukang, ti luar ka jero, ti luhur ka handap, ti katuhu ka kenca, jsb.

Contona:

Kabeneran sanajan ukur sagede pelok geus bisa nanclebkeun imah di palataran mitoha. Da di dinya anu aya lahanna. Waktu salametan leuleutikan nyalametkeun imah, ari batur-batur anu diarondang jeung anu barabantu sagawena sacabakna di dapur jeung di imah jarongjon barang dahar, anu nguah, anu tuhan, anu nyate, jeung anu ngopi tapi ari Ema bet ... andiprek bae di juru nalingakeun anu sacabakna sagawena. Teu katingali barang dahar. Teu cai-cai acan. Malah terus rurusuhan balik (*Mangle*, No. 1344, 1992:6).

## 2) Klimaks jeung antiklimaks

Gagasan utama mimitina diwincik tina gagasan anu sahandapeunana. Tuluy saeutik-saeutik naek antukna nepi kana gagasan anu dianggap pangpentina. Pola ieu disebutna pola klimaks.

Contona:

Wangunan traktor ngalaman parobahan ti jaman ka jaman luyu jeung kamajuan teknologi anu diciptakeun ku manusa. Waktu kajayaan mesin uap, aya traktor anu dijalankeun ku mesin uap. Waktu jaman tank, traktor oge nurutan modelna kawas tank. Tuluyna tina model ieu nya eta traktor roda rante anu ayeuna oge masih diparake. Traktor ieu mangrupa hasil ciptaan pausahaan Carterpillar. Lian ti Sarterpillar, Ford oge embung eleh. Nya kitu deui Jepang. Produksi Jepang di Indonesia anu kamashur nya eta traktor pare anu modelna geus ngalaman parobahan tina model-model samemehna (Disundakeun tina seratan Keraf, 1980).

Variasi tina klimaks nya eta antiklimaks. Dina anti-klimaks mah nu nulis mimitina ngebrehkeun gagasan anu dianggap pangpentingna/pangluhurna terus kana gagasan anu leuwih handap.

## 3) Umum-husus atawa husus-umum

Dina mekarkeun paragraf cara umum-husus atawa husus umum panglobana dipake. Cara umum ka husus hartina nu nulis mimiti ngebrehkeun hal-hal anu umum terus kana hal-hal anu husus (pola deduktif). Sabalikna, cara husus-umum mah nu nulis mimiti ngebrehkeun hal-hal anu husus terus kana hal-hal anu sifatna umum (pola induktif).

### Conto paragraf cara umum-husus

Komposisi carita nya eta tata susun cara ngagambarkeun kajadian. Tata susun ieu raket patalina jeung plot. Aya dua cara ngagambarkeun kajadian anu bisa digunakeun ku pangarang nya eta komposisi analogi jeung komposisi kontras.

### Conto paragraf cara husus-umum

Nganalisis karya sastra kudu diluyukeun jeung naon-naon anu dipoga ku karya sastra anu dianalisis. Alus gorengna hiji karya anu jadi pakakas pikeun nepikeun eusi hate kudu diukur ku norma-norma anu mandiri anu beda jeung ukuran karya-karya lianna. Hal ieu teh luyu pisan jeung salah sahiji pamadegan anu ngebrehkeun yen sastra mangrupa hiji wangunan komunikasi anu miboga sifat-sifat jeung disiplin anu mandiri.

Lamun urang nulis, tangtu kudu merhatikeun perkara ejahan. Perkara ejahan moal dipedar panjang lebar tapi gurat badagna bae.

#### 3.2.3.1 Harti Ejahan

Nurutkeun Badudu (1979:31), ejahan nya eta ngalambangkeun fonem ku huruf. Atawa cara/aturan nulis kecap ku huruf dumasar kana disiplin ilmu basa (Tarigan, 1985:7). Ejahan mangrupa sakumna aturan nu ngebrehkeun kumaha ngagambarkeun lambang-lambang sora jeung kumaha hubungan antara eta lambang (misahkeunana atawa ngahijikeunana) dina hiji basa (Gorys Keraf, 1979:51). Ejahan mangrupa cara ngagambarkeun sora basa ku aturan nulis anu geus distandarisasikeun; ilaharna ngawengku tilu aspek:

- 1) aspek fonologis; ngalambangkeun fonem ku huruf jeung cara nyusun abjad;
- 2) aspek morfologis; cara ngagambarkeun beungkeutan morfemis saperti kecap asal, kecap rundayan, kecap rajek-an, kecap kantetan, jsb.; jeung
- 3) aspek sintaksis; cara nandaan omongan ku tanda baca (Harimurti Kridalaksana, 1984:43).

### 3.2.3.2 Ambahan Ejaman Basa Sunda

Dumasar kana wangenan-wangenan di luhur ge geus ebreh naon nu jadi ambahan ejahan. Leuwih gemetna di dieu rek diperelekeun bae.

a. Asfek fonologis, anu ngawengku:

1) Aturan makena aksara

(i) Abjad

(ii) Vokal

(iii) Konsonan

2) Aturan nuliskeun Aksara

(i) Aksara Gede

(ii) Aksara condong

b. asfek morfologis

1) Aturan nuliskeun kecap

(i) Kecap asal

(ii) Kecap turunan

(iii) Kecap rajekan

(iv) Kantetan kecap

(v) Kecap sulur

(vi) Kecap pangantet

(vii) Angka jeung lambing bilangan

2) Cara Nulis Unsur serepan

Cara nandaan omongan ku tanda baca

(i) Tanda titik (.)

(ii) Tanda koma (,)

(iii) Tanda titik koma (;)

(iv) Tanda titik dua (:)

(v) Tanda geret (-)

(vi) Tanda pisah (-)

(vii) Tanda ellipsis (...)

- (viii) Tanda Tanya (?)
- (ix) Tanda panyeluk (!)
- (x) Tanda kurung ((...))
- (xi) Tanda kurug siku { }
- (xii) Tanda kekenteng (“...”)
- (xiii) Tanda kekenteng tunggal (‘...’)
- (xiv) Tanda gurat condong (/)
- (xv) Tanda panyingget (apostrop) (‘)

## Lampiran 1

Pikeun nerapkeun teori-teori anu geus diebrehkeun tadi, dina bagian ieu baris ditulis hiji conto karangan. Raraga karanganana mah saperti anu geus ditulis dina bab II. Tapi, ngarah babari ngabandingkeunana antara ide jeung Ebrehan idena, ayeuna urang tulis deui raraga karanganana kakara kana hasil karyana anu mangrupa hiji karangan.

## TAMPIAN DI PASISIAN

### I. BUBUKA

Nganjang ka pasisian

### II. FUNGSI TAMPIAN

2.1 Mangrupa sarana sosial pikeun miara kabersihan jeung kasehatan masarakat pasisian

2.2 Bisa ngadatangkeun ilham ka seniman

### III. TAMPIAN DISAWANG TINA JIHAT SOSIAL, EKONOMI, JEUNG AGAMA

3.1 Tampian nuduhkeun kahirupan sosial-ekonomi masarakat pasisian

3.2 Tampian henteu nyumponan norma agama

### IV. PANUTUP

Harepan nu nulis



## TAMPIAN DI PASISIAN

Sababaraha taun kaliwat, kuring nganjang ka Ki Adi nu buMen-bumen di pasisian di wewengkon Purwakarta. Ku nyongkabna hawa panas mun kongang mah hayang mandi lima kali sapoe. Anehna, batan gebrus mandi ti beurang, kalah milih hareudang bayeungyang. Lain pedah euweuh cai. Cai mah ngago-lontor di pancuran lebakeun imah. Atawa caina kotor? Lain. Cai mah sakitu herangna. Puguh bijilna oge ti sirah cai. Hanjakal tampianana ... nembrak. Najan teu aneh ningali tampian, harita mah teu wudu boga rasa ragab. Alatan eta, mandi teh muru subuh atawa nunggu poek. Padahal urang lembur eta mah wayah kumaha oge teu jadi halangan. Geus biasa. Geus henteu ragab deui.

Tampian, nurutkeun *Kamus Basa Sunda* susunan LBSS, hartina tempat mandi, boh di walungan, boh di pancuran. Tampian teu kurang teu leuwih minangka sarana sosial pikeun miara kabersihan jeung kasehatan masarakat pasisian. Sabab, umumna tampian mah lain milik pribadi. Tapi lamun dikaitkeun jeung jihat sejen mah, bisa wae tampian bakal nuduhkeun undakan kahirupan sosial, budaya, jeung agama masarakat di dinya. Kumaha jeung di mana kabiasaan mandi sapopoe, jadi ciciren ti golongan sosial mana datangna hiji jalma. Paling copel geus nepi ka mana gaulna. Sarana jeung wangunan tempat mandi teu bisa dileupaskeun tina undakna peradaban.

### *Tampian jeung Kamiskinan*

Ayana tampian di pilemburan geus jadi bagean nu teu bisa dipisahkeun tina alam pagunungan nu hejo ngemploh, beresih tina polusi. Jeung weningna cai walungan nu nyirikeun tingtrimna kahirupan tepiswiring. Jeung cur-corna cai pancuran nu ngajanggelek jadi musik alam. Jeung tempat siram nyi mojang desa nu rambutna panjang; kulitna koneng umyang. Tampian geus jadi bagian kaendahan alam anu matak ngahudang rasa para bujangga. Ngadatangkeun ilham pikeun seniman. Tembang, puisi, atawa film nu ngagambarkeun kahirupan pasisian tara kaliwat mintonkeun mojang desa keur siram di tampian.

Kaendahan sarupa kitu lain wungkul alus dikeker ku mata kamera tapi oge ku mata ... karanjang. Kaasup leuheung ukur jadi korban ngeceng ria mah. Saurang wanoja nu keur mandi di tampian, kungsi kudu ngalaman nasib naas, diperkosa deungeun. Wanci sore hujan ngaririncik, si wanoja keur jongjon mandi. Bakating jongjon teu karasa make nangtung sagala. Padahal mun teu nangtung ge, sakalieun aya nu ngaliwat luhureun tampian, pasti nu ngaliwat teh babalieuran. Ceuk pikir si wano harita, keun da euweuh nu nalingakeun ieu. Ka ditu kebon ka dieu sawah. Bet jauh tina panyangka. Tina sela-sela dapuran awi aya sapasang panon nu sarua jongjonna nenjo ka lebah tampian. Simpena kaayaan ngondang panggoda setan. Nu boga sapasang panon tea nekad. Turun, moro ka si wanoja nu keur mandi. Ieu kajadian kungsi dilaporkeun ku *Harian Pikiran Rakyat* sawatara waktu kaliwat.

Hiji hal teu bisa dipisahkeun jeung tampian, nya eta masalah kahirupan sosial ekonomi masarakatna. Nepi ka kiwari, mangpirang-pirang desa masih keneh mangrupa kantong-kantong kamiskinan. "Tong era-era lamun nyarita soal kamiskinan. Di urang aya 21.500 desa nu can bisa leupas tina garis kamiskinan," cek Ir. Soehoed Warnaen, Dirjen Bangdes. Sigana urang ge moal era jeung moal pati salah lamun ngaitkeun soal tampian jeung masalah kamiskinan di pasisian. Mun baroga duit ge, piraku daek mandi di walungan atawa di pancuran. Tangtuna ge nyarieun kamar mandi sorangan. Dialus-alus, make porslen. lampolana mareuli *bathtub*. Pan ieu mah boro-boro mikir ka lebah dinya. Loba keneh nu hirup dapon kacumponan pangabutuh sapopoe.

### *Tampian jeung Kaimanan*

Para ahli Sosiologi, kalawan gampang ngabagi masarakat jadi dua golongan: masarakat dayeuh jeung masarakat desa/pasisian. Lamun dayeuh kasebut geus modern, pasisian mah masih keneh tradisional. Urang dayeuh gumantung kana industri, pasisian mah kasohor agraris. Cara gaul di dayeuh, rasional, individual. Sabalikna, di pasisian pinuh ku emosi, ajen gotong royongna masih kandel. Masarakat pasisian leuwih cepel kana agamana, religius. Demi urang dayeuh, pajarkeun kurang religius.

Perkara ciri masarakat pasisian nu leuwih religius tea, karasa pisan suasana masarakat nu cepel kana agama teh. Tapi di sagigireun eta, aya bukti-bukti nu bakal nyawad pamadegan di luhur. Ulah kuciwa lamun ayana tampian jeung kabiasaan mandi di tampian, saestuna ngagugat kana ajén kaimanan masarakat pasisian. Kumaha tampian bisa ngagugat kaimanan?

Ngariksa orat mangrupa sabagean kawajiban jalma nu ariman. Kalawan teu aya maksud nyapelekeun kana agama jeung adat istiadat hiji masarakat, saperti masarakat Bali contona, urang tangtu ngabogaan kapentingan pikeun ngarekayasa sangkan tampian jadi tempat nu buni. Mere katenangan ka nu mandi. Sangkan teu aya semah nu eraeun mandi ti beurang (Endang Taryana, *Galura*, Minggu I, Mei 1992:15).

## Lampiran 2

### LEGENDA SITU GEDE MANGKUBUMI

1. Prabudilaya meunang sayembara
2. Prabudilaya ditikahkeun ka Puteri Sakarembong
3. sakarembong timburu ka salakina
4. Sakarembong nelasan nyawa salakina, nalika salakina sare
5. Sakarembong dibarengan ku dua badegana susulumputan rek ngubur layon salakina
6. rancangan anu dipake nananggung layon potong terus disambung ku taneuh, mangka ti dinya dingaranganan lembur Sambong: Sambong Hilir, Sambong girang, Sambong Jaya, Sambong Asem, Sambong Mangkubumi.
7. Layon Prabudilaya dikurebkeun di Mangkubumi, urut ngagalina jadi situ anu ayeuna katelah jadi Situ Gede di Mangkubumi.
8. Badegana anu duaan ditelasan tur dikubur ku Sakarembong di gigireun makam salikana.
9. Sakarembong tilem di Gunung Goong.

### LEGENDE SITU GEDE MANGKUBUMI

Di Sumedang aya pasangan nonoman nu nembe nikah. Ajeunna teh nya eta Prabudilaya Di Kusumah sareng Putri Sakarembong. Prabudilaya ditikahkeun ka putri Sakarembong jalaran nya Prabudilaya anu meunangkeun sayembara. Sakarembong enggoning babakti ka caroge disarengan ku rencang satia anu jenengan Sembah Golong sareng Sempati Kencana.

Rumah tangga nonoman geus nincak dua taun. Aya nu kurang dina kahirupanana. Teuing ku naon sababna Prabudilaya acan wani ngadeukeutan nu jadi istri anu geulis kawanti-

wanti. Sakarembong ngarasa teu tenang. Ti dinya timbul timburuan, boa-boa caroge geus boga nu sejen. Lila-lila perasaan ieu pisan anu terus ngukuntit pikiranana, antukna timbul perasaan dendam ka salaki malah boga niat rek megatkeun nyawa salakina.

Bener wae dina mangsa salakina datang, terus kulem tibra bangun nu cape kacida. Sakarembong gancang nyandak keris pusakana. Teu antaparah ngan gabres we dada carogena ditubles nepi ka hanteuna.

Padahal lamun apal kumaha kaayaan nu jadi salaki, tinangtu hal kitu teh moal kaalaman. Prabudilaya sabenerna pemuda anu keur meujeuhna resep ngelmu. Anjeunna terus ngumbara guguru ka mana-mana. Sakur aya guru mandraguna nya ku anjeunna disumpingan. Mungkin bae anjeunna boga nadar yen samemeh cita-citana tinekanan, anjeunna moal waka nyaketan astrina. Harita oge meureun tacan waktuna wae, da sidik anjeunna boga niat milari elmu agama.

Sakarembong ngaraos bagja geus hasil mateni salaki. Namung, anjeunna bingung kumaha cara ngubur mayit salakina. Utamina sieun katohyan ku nu sanes yen anjeunna. Ti dinya anjeunna emut ka dua rencangna nu satia. Atuh sakarembong nyalukan rencangna. Sembah Goong sareng Sempati Kencana ngadangu dunngan nyalukan dirina, gancang nyalampeurkeun ka dunungan. Ku sabab panto kamar muka, atuh katali pangeusi kamar teh. Sakarembong nuju mayunan carogena. Barang ningal kana getih anu minuhan dada caroge Sakarembong, rencangna reuwaseun.

”Beu, Enden aya naon?” rencangna naros.

Sakarembong oge reuwas ditanya kitu teh. Tapi manehna sadar yen tapak lacakna teu meunang kapanggih ku ingkang rama oge masyarakat sabudeureunana. Ku kituna Sakarembong gancang paparentang ka bujang satiana.

“Paman Sembah Golong katut Paman Sempati Kencana geuwat geura beberes, ulah miceunana waktu peuting ieu keneh pisan urang bawa ieu layon salaki kuring. Pomona

ulah loba tatanya. Sing nurut wae kana parentah kuring”, Sakarembong paparentah ka dua rencangna.

Sembah Golong jeung Sempati Kencana sanajan hatena mah noroweco pinuh ku pertanyaan, tapi manehna teu bisa kumaha. Manehna ngan bisa ngalaksanakeun parentah dununganana.

“Beresan eta layon, bungkus sing buni, tuluy asupkeun kana peti. Tuluy gotong ku duaan. Tuturkeun kuring ka mana wae kuring indit!” ceuk Sakarembong.

Teu loba omong, rencang satia enggal mungkus layon Prabudilaya. Ti dinya geuwat diasupkeun maka peti. Sembah Golong tuluy nyokot salang jeung rancanganana. Tuluy dibeulitkeun kana peti. Rancanganana geus diasupkeun. Ayeuna layon teh kari ngagotong.

Ningali kitu, Sakarembong gancang paparentah supaya dua rencang satiana ngagotong eta layon. Sakarembong enggal ka luar dituturkeun ku nu ngagotong layon. Hanteu geruh, da kaayaan nuju sepi jempling. Tiluanana tinggaredig laleumpang ka wetankeun.

Eta iringan teh terus laleumpang. Leumpangna teh ari geus poek. Beurang mah teu wani ngulampreng. Jadi, lamun geus poek mongkleng kakara nuluykeun lalampahanana. Bari upama rentang-rentang aya jelema, geuwat maranehanana nyalinker ka nu poek. Lamun geus datang beurang, tiluanana cicing di leuweung ngarah teu kapanggih ku jalma sejen. Upama geus poek tur sepi, tiluanana kakara nuluykeun perjalananana. Kitu jeung kitu wae. Antukna perjalanan ti Sumedang teh teu karasa. Maranehanana geus nepi ka Ciibeureum, Cibodas, nepi ka Mangkubumi. Ku naon disebut Mangkubumi. Ari sababna mah kieu.

Rancangan anu dipake nanangung layon teh potong. Nu nanggung bingung, jaba kaayaan keur poek mongkleng. Sakarembong teu eleh geleng. Anjeunna nitah rencangna supaya nu potong teh disambung ku taneuh. Nya ti dinya pisan ayana tempat anu nngaranna Sambong: Sambong Asem, Sambong Hilir, Sambong Girang, Sambong Jaya, Sambong

Jaya, Sambong Mangkubumi. Sambong teh tina sambung. Ari Mangkubumi nya eta tina mangku taneuh.

Di daerah Mangkubumi, Sakarembong nitah rencangna ngagali kuburan pikeun ngurebkeun salakina. Sanggeus beres layon Prabudilaya Di Kusumah teh dikurebkeun di dinya. Ku sabab kalakuanana sieun kapanggih, ahirna Sakarembong oge maehan dua bujangna nu satia. Duanana oge dikurebkeun di dinya caket makam carogena. Eta tempat teh kiwari dingaranan Pulo Situ Gede. Cenah mah ku naon bet jadi situ. Sabab, urut panggalian taneuh rencang tea, ahirna jadi situ. Ku sabab urut ngagalina gede nya dingaranana Situ gede.

Ari geus beres mah, sakarembong miceun kerisna. Tah eta keris teh ayana di Pulo Gading. Kecap gading asalna tina lading atawa peso. Eta pulo leutik teh persis ayana di tukangeun Pulo Situ Gede.

Sakarembong nuluykeun perjalanana. Sanggeus nepi ka Bantar anjeunna tilem di Gunung Goong. Ku sabab kitu, nepi ka ayeuna Gunung Goong teh cenah kawilang sanget.

*(Dituliskeun ku Nunuy Nurjanah nurutkeun informasi ti Bu Entin—putera mantan Kuncen Situ Gede)*

## Lampiran 3

### Karamat Situ Gede

1. Kaayaan Situ Gede kiwari
2. Situ Gede kiwari loba nu ngajugjug
3. Tujuan jelema nu ngajugjug ka Situ Gede
4. Sarat-sarat lamun rek ngajugjug ka Situ Gede
5. Karamatna bisa ngabalkeun kahayang nu ngajugjugna
6. Pangalaman nu pernah ngajugjug ka Situ Gede

### **KARAMAT SITU GEDE**

Memang bener Situ Gede kawilang gede. Legana 47 hektar. Di tengahna aya dua Pulo: gede jeung leutik Nu gede nya eta Pulo Situ Gede tempat makam Prabudilaya Di Kusumah, Sembah Golong, jeung Sempati Kencana. Ari nu leutik ayana di tukangeun Pulo Situ Gede nya eta Pulo Gading-- tempat lading-- kerisna Sakarembong.

Ari ka Pulo Situ Gede, nepi ka ayeuna sok loba nu datang. Apanan Prabudilaya teh kaasup hiji muslim anu pinuh ku ilmu. Nu daratang teh taya lian cenah rek tataros ka Eyang Prabudilaya Di Kusumah. Carana kudu bari nyuguh. Susuguhna nya eta gula batu, surutu atawa cigarilos, cau raja bulu sasiki, ulen ketan tapi kudu meunang nyieun sorangan, dendeng sapi sakeureut meunang ngagoreng, kembang warna tujuh, jeung menyan. Bari nyeungeut menyan nu datang teh menekung nyuhunkeun ka Nu Maha Kawasa. Cenah mah nyuhunkeunna mah Ka Nu Kawasa, da Eyang Prabudilalaya teh muslim anu sajati. Tapi ngalangkungan Eyang Prabudilaya Di Kusumah. Ari waktuna nya eta malem Salasa atawa malem Jumaah. Cenah Eyang Prabudilaya teh di dinyana ngan malem Salasa sareng malem Jumaah wungkul. Angot lamun gandeng mah Eyang teu betaheun. Saperti lamun nu ngarala lauk, heug make mesin. Atuh tangtu mesinna teh tara lila da rusak manten. Matak nepi ka kiwari nu ngala lauk lolobana mah ngan make



rakit. Ngalana ku tombak atawa ku useup bae. Tapi aya oge anu make jaring atawa heurap.

Aya deuih nu datang rek nanyakeun tanda-tanda permilikan manehana. Carana nya eta kudu mawa dahan kawung saeran. Tangtuna wae datangna kudu malem Salasa atawa Jumaah. Eta dahan kawung ten terus dijeungkalan. Unggal jalma nu datang motong sajeungkal. Ti dinya manehna ngado'a ka Nu Maha Kawasa supados diuningakeun tanda-tanda permilikanana. Aneh bin ajaib, dahan kawung nu dicecekel teh bet jadi robah. Aya nu ngurangan, aya nu manjangan, tapi aya oge anu angger. Ari nu mondokkan, hartina milikna heureut. Ari nu manjangan, tanda yen milik manehna gede. Sarta anu angger mah, hartina manehna bakal hirup pas-pasan wae.

Cenah nurutkeun putra mantan Kuncen, saha wae bisa datang ka dinya. Saratna ulah menta nu kotor. Kitu nurutkeun katerangan ti Bu Entin, putra Eyang Oki.

Kiwari Bu Entin ngawarung di daerah Situ Gede. Anjeunna kagungan tujuh rakit nu sok disewakeun. Cenah nu dua kawilang weuteuh keneh tapi nu lima deuih mah geus heubeul. Ari rakit weuteuh mah disewakeunna teh kurang leuwih Rp 15.000 sapoe atawa sakali make. Rakit anu heubeul mah cenah ngan Rp 5.000 sapoena.

Budak Bu Entin oge cenah baheula pernah datang ka dinya da hayang pinter. Cenah bener, budak Bu Entin mah euweuh nu teu rengking-- paling goreng ge rengking 3 di sakolana teh. Bari sakola ge euweuh nu handap-handap. Sadayana lulusan SMEA. Tah ieu teh bukti nyata.

Bu Entin oge pernah datang ka pulo bari nyenyekel dahan kawung—da kitu saratna lamun hayang nyaho ngeunan kasuksesan hirup. Dahan kawungna teh cenah manjangan saeutik. Jadi, hirupna cenah Bu Entin mah bakal kawilang cukup. Ari babaturanana anu harita milu mah dahan kawungna teh mondokkan. Lamun dahan kawungna mondokkan, hartina hirupna teh bakal walurat. Ih, da bener wae cenah nepi ka kiwari hirupna eta

jelema teh--anu pernah datang ka Situ Gede; dahan kawungna mondokan tea-- teu weleh balangsak.